# Жақында қызық болады

Сатиралық гүрриңлер

*Муратбай Нызанов*

*Ескертпе:* kitapxana.com сайтындағы барлық китаплар тек танысыў ретинде берилген. Китаплар (фольклордан тысқары) авторлық ҳуқықлары менен қорғалған болыўы мүмкин, сонлықтан китап контентинен авторларының рухсатысыз тижәрат яки басқа нызамсыз жолларында пайдаланыў қадаған етиледи, ҳәмде ҳуқық қорғаўшы органлар тәрепинен жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин.

## *Мазмуны:*


| | |
|---|---|
| *Қағыйда* | *3* |
| *Әнийпа* | *5* |
| *Диңгектеги данышпан* | *9* |
| *Телефон жинлиси* | *16* |
| *Исенимли мағлыўмат* | *23* |
| *Жаза қурық* | *24* |
| *Қосымша сораў* | *26* |
| *Руль* | *27* |
| *Қәтере* | *28* |
| *Тырнақ бояўы* | *33* |
| *Адвокат ҳаққында ертек* | *35* |
| *Ҳәзир ўақыт басқа* | *39* |
| *Саўда* | *41* |
| *Реклама* | *42* |
| *Ҳәмелден түскен қандай болады?* | *48* |
| *Жақында қызық болады* | *51* |
| *Денгене ҳаққында нызам* | *59* |
| *Ақыллы бөдене (ертек)* | *60* |
| *«Шонтық шайыр» ушын монолог (1997-жылдың жаңа жылына арнап жазылды)* | *63* |
| *Ойын* | *68* |
| *Көрмейди* | *72* |
| *Мен министр болмайман* | *77* |

## Қағыйда

Бир ғана қол қойдырыў ушын қыстаўлы түрде мәмлекетлик кеңселердиң бирине кирип шығыўыма туўра келди. «Бөлим баслығы» деп жазылған есиктиң аўзында үш-төрт адам тур екен. Қарасам, ҳеш қайсысы асығып турғанға усамайды.

— Кеширерсизлер, руқсатыныз бенен бир қол қойдырып шықсам?

— Киреғойың.

Қолымдағы портфельди жолдасыма услаттым да, қапыны аштым.

— Мүмкин бе?

Бөлмениң төринде отырған муртлаш жас жигит еситпеди ме, басын көтермеди.

— Мүмкин бе, иним? Тағы қайталадым.

Әлле нелерди жазып отыр, менин киргенимди сезетуғын емес.

Еки адым аттым.

— Ассалаўма әлейкум...

Селт етпейди. Төрт адым аттым.

— Ассалаўма әлейкум, иним.

Сес жоқ. Ҳә, мениң сәлем бергеним әнтек болған шығар, ақыры, жасы үлкенмен ғо. Ашыўы келген.

Сонда да аманласыўым лазым.

— Аўҳаллар жақсы ма, иним?

Я буған бир нәрсе болған да, ямаса мениң көзиме көринип турған бир нәрсе шығар. Бәлким, үйде ме екенмен, ярым ақшамда түс көрип атырған шығарман... Әсте

ақырын жамбасларымды шымшып көремен, аўырады. Демек, оңым ғой. Қой, баса-бастан мениң киргенимди елестирмей турған болыўы керек. Ҳәр телефон бир шырылдап тынышын алып атыр. Мий қалама. Жас киши болса да, сәлем берейин.

Әсте ақырын адымлап мурнының астына тақалып бардым.

— Ассалаўма әлейкум, иним, қолыңды бер, көрисейик...

Астапыралла! Қолым созылыўы менен қалды. Көзин қағаздан алмайды. Шырылдаған телефонларды да, трубкасын көтерип қайтадан басып таслайды.

— Мына бир қағазға қол қойып бериўиң керек екен.

Қудайдың урған бендеси мендей болмасын. Бир аўыз жуўап ала алсам, қәнекей.

— Иним, тек қолыңызды қойып жиберсеңиз болды.

— ....

— Асығып тур едим, және басқа кеңселерге де барыўым керек.

— ....

— Болмаса қағазды таслап кете берейин бе?

— ....

— Бәлким, бир айланып келсем, қолыңыз босаған ўақта қояғоярма едиңиз?

— ....

Дүньяға шығып бундай адам көрмеген екенмен. Қорқынышлы жерден қутылғанша асыққан адамдай, аяғымның ушынан басып сыртқа шықтым. Сестим шықпайды, аңым ушып кеткен екен.

— Ҳе, не болды? — деди жолдасым ҳаўлығып.

— Ях?!..

— Не болды деп атырман?

— Билмеймен... мына биреўдиң қандай адам екенин. Я сөйлемейди, я сәлемди алмайды, я сәлем бермейди.

— Сәлемин не қыласаң, қол қойдырсаң болғаны емес пе?

— Қолыңа да, бетиңе де қарамайды.

— Япырмай-ә!

Күни менен бизлерди бақлап турған келиншеклерден бири күлди.

— Биринши келиўиниз бе деймен, қәйинлерим?

— Аўа, биринши.

— Шамасы бар. Бул жер банк деген, бир келгеннен сәлемди ала бермейди.

Әне қалас! Ҳәр кәсиптиң өзине ылайық қағыйдасы болады екен дә!

*22. 09. 1997-жыл*

## Әнийпа

Қыз айттырып шыққан еки жигит, әкелериниң досты Наўрызбайдың үйине келди. Олар таныса баслады, алдыларында жарты наны бар қуры дастурхан. Келисим бойынша жигит ағасы сөйлеп отыр, күйеў болмыш жигит жым.

— Сөйтип Таўмураттың баласыман де, жүдә бәрекелла!... Ал, сен кимниң баласыман деп единң?

— Жумамураттың.

— Жумамурат болғанда .. ана бессарыдағы ма?

— Аўа, сол.

— Насосшы болатуғын?

— Аўа, насос айдайтуғын еди.

— Ҳе, соның баласыман де. Әкең пақыр жақсы адам еди. Өзимиздиң баллар екенсең ғо.. Әнийпа!

— Ҳуў.

— Шайыңды әкелмейсен, бе?

— Ҳәзир.

— Таўекең не ислеп атыр?

— Жақында дем алысқа шықты.

— Әне қалас! Мудамы ғаўырлыға үйренип қалған адам, үйге сыймай отырған шығар.

— Аўа. Ҳәзир де тез-тез мектепке барып турады.

— Айтып отырман ғо, үйренген қалған адам төрт дийўалдың ишине сыймайды.

Әнийпа тақ еттирип бир шәйнек шай әкелип қойды.

— Гүлбий курдас не қылып атыр? Еле дүканда ма?

— Аўа.

— Бәрекелла! Дени саў адамға жумыс жақсы, ислей берсин.. Әнийпа!

— Ҳуў!

— Кесаларыңды әкелмейсең бе?

Әнийпа әлленемирде кесаларды әкелди.

— Наўрызбай аға, өзиңиз жумыстасыз ба?

— Әй, яқ. Быйыл мына көзим әззиленқиреп, глаукома дейме, цифрларды дүгистирип ала берген соң қойдым... Әнийпа!

— Ҳуў!

— Босырақ наның жоқ па?

— Ҳәзир.

— Әнийпа азырақтан кейин бир шетинен қурттай алынған нан әкелип қойды.

— Ал, енди балалар, жасы үлкен болған соң жол болсын сораў парызымыз-барыс қайда, келис қайдан?

Жол бойы келисим бойынша буған да жигит ағасы жуўап берди.

— Жер өлшеп жүрмиз аға, усы әтирапта шыпалы суў бар деген болжаў болған екен, ертеректе. Соған ҳәр жерден қазып топырақ әкетемиз.

— Ондай суў шықса тәўир болар еди-аў, инилерим... Әнийпа!

— Ҳуў!

— Қант әкелмейсең бе?

— Ҳәзир.

— Наўрызбай аға, бурын усы әтираптың бәри бағ еди ғой, бүгин жол бойы бир түп терек көрмедик.

— Пай, пай несин сорайсаң иним, мына қысқы суў деген бәле қуртып кетти ғо. Ҳәзир ешек байлаўға қазық таба алмайсаң... Әнийпа!

— Ҳуў!

— Тистеўишиң қайда?

— Ҳәзир.

— Иним, сизиң жақлар толық бағшылық болып кетти-аў деймен-ә?

— Аўа, жартысы картошка. Қаўын-қәмеги де бар.

— Сонысы мақул болған... Әнийпа?

— Ҳуў!

— Дастүрханға қойғандай сары май-пары майың жоқ па?

— Бар ғой.

— Алып келсеш!

— Буяққа автобус сийрек жүреме деймен?

— Аўа, дым жанға тийип тур сөйери. Қалаға барып келиў үлкен күш. Басшылардың астында машина болған соң билмейди... Әнийпа!

— Ҳуў!

— Май жағатуғын пышағың қайда?

— Ҳәзир.

— Жеңгеңиз-әм картаяйын деди ме, сәл умытшақлаў. Ояғын елестирмейсиз, баллар.

— Яғә, отағасы, зыяны жоқ.

— Әнийпа!

— Ҳуў!

— Аўқатқа айналыстың ба?

— Яқ.

— Ҳаў! Айналыса бермейсең бе, енди!

— Яқ, Наўрызбай аға, биз кетемиз.

— Кетесиз ғой, сонда да «қуўыс үйден қуры шықпа» деген. Азмаз шыдаң, бизиң кемпир ҳәп заматта тайын етеди... Әнийпа!

— Ҳуў!

— Газдың үлкен ошағын жақтың ба?

— Яқ, кишкентайын жақтым ғо.

— Әй, сен-әм бир. Баллардың асығып отырғанын көрип турсаң ғо. Қойып тур, өзим барайын.

Ғарры урман-пурман газханаға шықты.

— Келген жумысымызды айтсақ па екен? — деди күйеў болмыш жигит.

— Дым үндемей-ақ қой, «Шешесин көрип қызын ал» деген усы екен. Оннанша тез өкшени көтерейик.

Олар аяқларын сылт еттирместен қапыдан шығып зым ғайып болды. Азырақтан кейин Наўрызбай ғарры сөйлениўи менен кирип келди.

— Сөйтип инилерим, өзимиздин баллар екенсиз ғой. Қуры аўыз кеткен деген уят болады, азымаз шыдаң, ҳәзир ...

Ҳаў. Астапыралла, жин бе, шайтан ба?... Әнийпа!

*12. 03. 1994-жыл*

## Диңгектеги данышпан

«Қулан қудыққа қуласа, қулағына қурбақа үймелейди» деген дурыс екен. Ешейинде қол шошайтып сөйлеўге қорқатуғын көсемлеримиздиң мойнына енди трос илинип, ескерткишлери алып таслана баслады. Солардың бири бизиң колхозымыздың алдында тур еди. Жақында ол да кетти. Ескерткиши алынған адам бойлы дингек еки айға дейин бос турды. Үшинши айға қараған күнлердиң биринде колхозда жаңадан ат қойыўға арналған мәжилис болды.

— Ҳүрметли жәмәәт, — деди басқарма баслығы салтанат пенен, — Мине сизлер ғәрезсиз елдиң азаматларысыз. Барлық ерк қолыңызда. Сизлерге ҳеш ким жоқарыдан келип, бурынғыдай көрсетпе бере алмайды. Сонлықтанда, колхозымызға ат қойыў мәселеси де өзлериңиздиң қолыңызда. Усыныңлар, мен сизлердиң хызметиңиздемен!

Демократияның самалы менен адамлардың танаўы жибисе де, тап мынадай ғаркәллезий еркинликти көрмеген екен. Дәслеп, бир кеса шай ишимдей ўақыт жым болып қалды. Соң барып, ортарақтан жасы отыз бес-қырықлардың шамасындағы жағы сүмпийген бир жигит түргелди.

— Мен әдебият муғаллимимен, — деди ол ҳәммеге бир қатар нәзер таслап. — Лекин, өзим тарийхқа қызығаман. Ойлап турсам, усы күнге дейин орыслардың Кутузовы менен Суворовын үйрене берген екенбиз. Уят, бул, өзлеримизде батыр жоқ па? Не ушын биз Суворовтың орнына Шәрьярды улуғламаймыз? Маспатшаны төбеге көтермеймиз. Мениңше колхозға Шәрьяр деп ат қойыў керек. Мәспатшаның атындағы патша сөзи адамларға жақпаўы мүмкин.

— Шәрьяр батыр емес тә, — деди биреў турып.

— Батыр! Әдебият муғаллими пикиринен қайтпады. Оны тағы биреў жөпледи.

— Мейли, батыр болмай-ақ қойсын, бәрибир халқымыздың қаҳарманы ғой,

— Қаяқтың қаҳарманы! Ол патшаның тасланды баласы болған.

— Әй, берекет тап! Күшик пенен пышыққа аўмастыратуғын емес пе?

— Әй, сол Әнжимниң иниси ме я ағасы ма?

Адамлар ғаўырласып кетти. Әдебият муғаллими әри-бери түсиндирмекши болып еди, даўысы уяң екен, көпшилик басып кетти. Кейин илажсыздан отырды. Ғаўырлыны колхоз баслығы зорға тоқтатып алды.

— Бирмлеп айтың ағайинлер. Бирақ, Мәспатша, Шәрьяр дегенди қойып турайық та, берманырақтан ала берейик.

— Соны айтамыз дә! Тарийх деп онша тереңге сүңгий берип...

— Болмаса Омар шайырдын атына қойсақ қәйтеди?

— Ким ол, Омар шайыр деген?

— «Бул дүньяға шығып не көрдиң Омар.

Неше жыл Изимге қопардың томар», — деген қосықты билмейсең бе?

— Қопарса қопарады дә! Бул Изимниң колхозы емес! Изимге барсын. Оннанша барма, жолдаслар, колхозды Қулымбет болыстың атына қойыў керек.

— Ҳаў, ол болыс болған ғой.

— Болса неғыпты? Ҳәзир ҳәмме ескиге қайтып атыр.

— Тап, ескиге мың жеринен қайтса да, Қулымбет болысың болмайды. Ол төрт қатын алған адам.

— Аўысып атырса алмай не қылады?

Колхоз баслығы тағы столды тоқылдатты.

— Жолдаслар, сизлер пикириңизди жәмлегенше, мен усы мәселеде жигирма жети адам қол қойған бир хатты оқып берейин. Бәлким, бул усыныста мақул түсип қалар.

Ҳәмме ийеклерин созып хатқа тигилди.

«Ҳүрметли колхоз басқармасы. Бизин атамыз Пиримбет Шеримбет улы инқылаптың дәслепки жылларында жаңа ҳүкиметке белсене хызмет еткен, өзиниң есигиндеги он сегиз сыйырын, үш жылқысын, бир өгиз арбасын, жетпис еки қой жаллығын усы колхоздың орталық мүлкине тапсырған.

Колхозға ағза болмастан бурын да қызылларға көп жәрдем еткен. Олардың он еки әскерин үш күн үйинде сақлап, кетеринде ҳәр бирине бир-бирден шерим етик тиктирип берген. Ҳүкиметтиң исенимине ерискеннен кейин, усы колхозға баслық болған. Биз, усыларды есапқа алып, колхозымыздың атын Пиримбет Шеримбет улының атына қойыўын сораймыз».

— Гөрсаўат адам жазған, — деди хатты оқып болар-болмастан бағанағы әдебият муғаллими ушып түргелип.

Колхоз баслығы шоршып түсти.

— Неге? Жигирма жети адамның бәри гөрсаўат па?

— Ақыры, адам деген ойлап көриў керек ғой. Биз сол қызыллардың дүзген жәмийетин бийкарлап отырған жоқпыз ба? Неге енди оның жан ашырына колхоздың атын қояр екенбиз? Еле де ойланың ағайинлер. Шәрьярдан жақсы ат жоқ. Болмаса Едигени қойсақ та болады.

— Як, — деди биреў шарп етип, — Едиге көп. Ҳәзир қәйерди көрсең Едиге. Оған қарағанда Нуратдинниң аты сулыўырақ.

Ғаўырлы қайтадан басланып кетти.

— Улыўма, батырдың атын қойыў керек дегенди ким таўып жүрген?

— Соны айтамыз-аў! Биз не, өйтип, төбелесейин деп атырмыз ба?

— Әй, усы, Бектемирдиң неге атын қояғоймаймыз?

— Ким ол?

— Биринши тракторшы дә?

— Ағайним, биринши тракторшы, биринши муғаллим, биринши космонавт дегенлердиң бахты тайды, ҳәзир.

— Бир нәрсени умытпаў керек, жолдаслар — ортадан теке сақаллы бир киси күйип-писип түргелди.

— Қарныңыз тоқ, ел парахат, соннан кейин гәлжеңлеп отырсыз. Кешеги урыста немецлер жеңип алғанда неше пуллық киси болар едиңиз? Оннанша аўылымыздан жалғыз өзи аман келген Есмырзаның атына қояйық колхозды.

— Есмырза еле тири емес пе?

— Тири болған менен ҳәзир қатты жатыр. Сен жаңағы олай-пылайыңды дүзестирип, мөр соқтыраман дегенше қалмайды.

— Гәп қалған қалмағанында емес. Сол Есмырзаның өзи немецти көриппе екен?

— Төрт жыл урыста болған ғой. Көрмей не қылады?

— Әй, билмедим-аў. Оң қолының төрт бармағын оқ жулғанынан да гүманым бар. Неге оның шеп қолына оқ тиймей, оң қолына тийеди.

— Бәлким, оң қолын өзи атқан шығар?

— Як, өзи ата алмайды, бирақ, киятырған оққа тутып қалыўы мүмкин.

— Болмаса Айсараның атына қояйық, жигирма жети жыл бригад болды.

— Болмайды. Сөзимиз аўыр болмасын, ол кейинги ўақытлары райком менен жүрген дейди.

Бул ирет профсоюз шөлкеминиң хаткери гәпти болди.

— Ҳүрметли жолдаслар, биз ат қоямыз деп ҳәр кимниң гүнасын көтерип болдық. Оннанша ҳәммеге биймәлел, жердиң, сүўдың аты менен атасақ қалай болады?

— Жүдә зор болады! Ҳәмме миллийликке қайтып атыр. Миллий атамадан қояйық.

— Бүйерлерде ондай белгили ат барма екен?

— Бар шығар? Пирлеш аға, сиз билмейсиз бе?

Алдыңғы қатарда отырған ақ сақаллы ғарры бүкшийиңкиреп барып, орнынан турды.

— Бүйерлерде ғой, ондай аттың барын билмедим. Бирақ, бизиң әкелеримиз айтатуғын еди, мына Әбдиўәлий қотырдың ҳәреминиң астында бурын сай бар еди. Ол сайдың аты жақынға дейин «Дамбал кеткен» атанып жүрди деп.

— Дамбал кеткен? Ол қалай кеткен екен?

— Қайдан билейин, шырақларым. Қәтелесип кетсем қудайдың өзи кеширсин. Әкелеримиздиң айтыўынша жаңағы сайдың суўы тып-тынық ҳәм салқын болады екен. Түс ўақтында ҳаяллардың тасарақ жерге барып, үстиндеги кийимлерин шешпестен шомылатуғын әдети бар ғой. Сондайда бир қатын жүзип билмей, ығып баратырып, «жәрдем бериң» деп бақырыпты. Еле де жүрими бар пақыр қусайды, сол кәраға жақын жерде биреў қос айдап атыр екен, даўысты еситип келип, өлдим азарда тартып алыпты.

— Ҳеш ким кетпеген ғой сонда?

— Мен адам кетти деп отырғаным жоқ ғой, қарақларым-аў, дамбал кеткен.

— Адам қутқарылғаннан кейин, дамбал қалай кетеди?

— Ҳаў, суўға түскеннен кейин, дамбал қампайып кетпейме? Адамды тартып алғанда ол сыпырылып түсип қалған.

Адамлар жанланып, күлисе баслады.

— Мениңше, жақсы атама, — деди бригадлардан биреўи турып. — Сиясат пенен, жәмийет пенен иси жоқ. Қай дәуир болса да бәри бир. Бирақ, бир лийкини болып турған жери, ҳәзирги жаслар дамбал дегенди түсинбеўи мүмкин. Соның ушын оны «Ыштан кеткен» деп өзгертиў керек.

— Яғәй, ол болмайды. Ыштан деген мәдениятсыз ғой.

— Неге мәдениятсыз? Ыштан не, дамбалы не — бәри бир емес пе?

— Бәри бир емес. Дамбал — ыштаннан мәдениятлы.

— Мәдениятлы бола берсин, сонда бағанағы Есмырзадан дамбал абырайлы болғаны ма?

— Пай-пай, ол заманның дамбалларын билмейсен-аў, қосшым. Рәс-с, балағы жийекленген, қатара нағыс, уршықтың басындай пөпекли ышқыр...

— Ал, яқшы, басқа қандай атамалар бар? — Колхоз баслығы ғаўырлыны бөлип, ортаға сораў таслады.

— Басқа деп енди... Болады ғой сол.

— Ҳәмменин пикири солай ма?

— Аўа — деп ҳәр жерден даўыслады жыйналғанлар.

— Болмаса даўысқа қойып көрейик. Колхозымыздын аты «Дамбал кеткен» болсын дегенлер қол көтерсин.

Ҳәмме тегис қол көтерди.

— Ким қарсы?

Әдебият муғаллиминин бир өзи қарсы болып қол көтерди. Бирақ, ол биреў болғаны ушын есапқа алынбады.

Мәселе питти. Ояқ-буяғы бир айдың ишинде барлық қатнас қағазлар жаңа атама менен қайта басылды, мөр исленди. Пахта тапсырыўдың барысы бойынша газеталарда колхоздың жаңа аты көрине баслады.

Гүздиң ақырына келип, көсемниң тулғасы турған диңгек қолға алынды. Оның сырты жылтыр мәрмәр таслар менен қапланды, үстине кишкене зәрен тақлетте етип тастан ойылған көлдиң сүўрети қойылды. Суўдың бетинде болса көмпейип ығып баратырған дамбал сүўретленген еди.

*4. 01. 1994-жыл*

## Телефон жинлиси

Үлкен адамлар менен ҳәзиллесип, яки сәл жерде зейнине тийип алыўға болмайды екен. Себеби, олардың тәбияты нәзик болады. Абайламай айтып салған бир аўыз гәпиңниң жәбирин өмириңше тартып жүриўин мүмкин. Мәселен...

Китап баспасында азан менен шаўқым шықты.

— Жазыўшы Досжан Мухаммедовты жин урыпты, телефон қоймай сындырып атыр.

— Телефонды жасыр. Досжан киятыр.

— Қапыны илиң.

Бул даўрық ҳә демей баслыққа жетти. Ол ҳаўлығып дәслеп бас есапшы менен кәсиплик аўқамның баслығын алдына шақырып алды.

— Мухаммедов айлығын алып па еди?

— Алды.

— Қәлем ҳақысынан қалып жүргенлери жоқ па?

— Яқ.

— Материаллық жәрдем сораған жоқ па еди?

— Сорады, алды.

— Үйинде жазыў-сызыў менен шуғылланыў ушын қағаз-қәлемнен жәрдем етип турсыз ба?

— Етип турмыз.

— Онда не болды екен? Айтпақшы бәҳәрде дем алысқа бараман деп жоллама сорап жүргендей еди?

— Оны өзи қайтып тапсырды ғо.

— Неге?

— Гүзде барғанды мақул көрди.

— Қулласы, бизге өкпелейтуғын ирети жоқ ғой?

— Жоқ.

— Бопты. Онда маған өзин жибериң.

Бас есапшы менен кәсиплик аўқамның баслығы шығып кетти де, изинше жазыўшы Мухаммедов кирип келди. Күндегидей емес. Көзлери қызарып кеткен. Баслық оған көзи түсиўден-ақ бирден албырап қалды. Соның арасында столдағы үш телефонның биреўи шыңғыр етти. Мухаммедов кабинет ийесинен бурын шаққанлық пенен телефонды алды да, қол ушына көтерип жерге былш еттирди. Аппарат шил пәрше болды. Баслық апалақлап гә жайрап атырған телефонға, гә қабақлары түксийип, елерип турған Досжан Мухаммедовқа қарады. Соның арасында екинши телефон шыңғырлады. Бул да Мухаммедовтың қол ушында дийўалға урылып майда-майда болды. Үшинши телефонды баслықтың өзи сым-пымы менен суўырып алды да, сыртқа атлығып шықты. Изинде жеңимпаз палўандай еңсеси гүжирейип Мухаммедов киятыр.

Қабыллаўханада хаткер қыз биреў менен телефонда сөйлесип тур екен. Мухаммедов оны қолынан жулып алып, столға бир урып еди, ошаққа салатуғын кеспелтектей еки бөлекке бөлинди. Соның арасынша кимдур аман қалған телефонлардың биреўинен 03 ке қоңыраў еткен екен. Тасырласқан үш доктор жетип келди де, бунның қолтығынан шапыраш алып, ҳәйле-пәйлесине қаратпай машинаға тықты.

— Усладық, алып баратырмыз, — деди алдыңғы орынлыққа отырып алған доктор рациядан.

Мухаммедов пәт пенен жулқынып барып, доктордың қолындағы рацияның трубкасын отырғыштың темирине бир урды. Рация тамам болды.

Усындай етип ол руўхый кеселлер емлеўханасының қабыллаў бөлмесиндеги ҳәм шыпакерлер ханасындағы еки телефонды да гүм қылды. Тийкарында оның бундай телефон жинлисине айланыўына өзиниң усыннан онлаған күн бурын үлкен адамлардың биреўине биймезгил ислеген қоныраўы себепши болған еди...

Жазыўшы Мухаммедовқа соңғы ярым жылдан бери дурыслы илҳам келмей, ҳеш нәрсе жаза алмағанлықтан сиркеси суў кетермей жүр еди. Бир күни күтилмегенде ел жатқаннан кейин йош келди де, жазыў столына отырды. Соннан сытырлатып жазып қалды. Ақ қағазлар изли-изинен толып шығып атыр. Дизбеклесип келген гәплерди жазып үлгериўдиң өзи мүшкил. Усы ўақытлары бирден «лып» етип свет өшер ме? Тасып турған илҳам бирден тынды да қалды. Мухаммедов әри күтти, бери күтти, ақыры болмады. Шамның жақтысында телефон китапшасын таўып алып, ГРЭС баслығының үйине қоңыраў етти. Саатына қараса түнги үш екен.

— Алло! Бул ГРЭС баслығының үйиме?

— Аўа.

— Сиз өзимисиз?

— Өзимен.

— Сизиң үйиңизде свет бар ма?

— Бар.

— Ал, мениң үйимде жоқ.

— Нәўбет пенен өширилген шығар, жанар.

— Лекин мениң илҳамым сизиң нәўбетиңизди күтип турмайды дә! Мен жазыўшы Мухаммедов боламан. Ел жатқан соң бир тасқын йош келип жазыўға отырып едим, қәпелимде свет өшти. Ал, сизиң үйде таң атқанша бар. Усыннан әдиллик бола ма?

ГРЭС баслығы Мухаммедовтың мәкан жайын, телефон номерин сорап алып, кешиктирмей жақтырыўға ўәде берди.Ўәдесинен шықты да! Лекин, Мухаммедовтың бағанағы тасқып илҳамы енди жоқ, тынып қалған еди.

Ертеңине ол өткен ақшамғы шала уйқының есесин алыў ушын күнниң қызылы батпай жатып қалды. Шырт уйқыда жатыр еди, тынбай шырылдаған телефонның сестинен оянды. Трубканы алып саатына қараса түңги үш екен.

— Алло, жазыўшы Мухаммедовтың үйи ме? — деди трубкадан.

— Аўа.

— Илҳам қалай?

— Жаман емес.

— Свет бар ма?

— Бар.

— Мен кешеги ГРЭС баслығыман. Сизиң светиңизди өширмеўге ўәде бергеннен кейин өзим тексерип көрип атырман.

— Рахмет. Уйқы бир бөлингеннен кейин қайтып көз илиндириў қыйын болады екен. Мухаммедов сол жатыстан түрли қыялларға берилип, таң саз бергенде барып көзи илинди. Ертеңине жумыста да еснеў менен жүрди.

Екинши күни түнги үште тағы телефон шырылдады. Дәслеп оны түсинде еситип атырған шығарман деп қыймылдамай жатып еди, яқ оңы екен.

— Жазыўшы Мухаммедовтың үйи ме? — деди трубкадан.

— Аўа.

— Илҳам қалай?

— Жаман емес.

— Свет бар ма?

— Бар.

— Мен ГРЭС баслығының орынбасарыман. Сизиң илҳамыңызды сораў ҳәм светиңиздиң өшип қалмаўын қадағалаўды маған тапсырып еди.

— Рахмет.

Үшинши күни түнги саат үште жазыўшыны ҳаялы жулқып оятты.

— Телефонға шақырып атыр.

— Ким? — деди ол манаўсырап.

— Билмеймен.

Мухаммедов уйқыдан тентиреклеп барып трубканы алды.

— Жазыўшы Мухаммедовпысыз?

— Аўа.

— Илҳам қалай?

— Жаман емес.

— Свет бар ма?

— Бар.

— Мен ГРЭС тиң бас инженеримен. Сизиң илҳамыңызды сораў ҳәм светиңиздиң өшип қалмаўын қадағалаўды маған тапсырып еди.

— Рахмет.

Төртинши күни трубканы алып турып умытпай саатқа қарады, үштен еки минут өткен екен.

— Жазыўшы Мухаммедовтың үйи ме?

— Аўа. Мухаммедовтың үйи.

— Илҳам қалай?

— Сыймай атыр.

— Свет бар ма?

— Бар!

— Мен ГРЭС тиң бас қәнийгесимен. Сизиң илҳамыңызды сораў ҳәм светиңиздиң өшип қалмаўын бақлап турыўды маған тапсырып еди.

— Рахмет.

Бесинши күни түнги үште ол уйқыламай, қоңыраўды күтип жатты. Үмити пушқа шықпады, шыңғырлады.

— Жазыўшы Мухаммедовтың үйи ме?

— Аўа.

— Илҳам қалай?

— Жаман емес.

— Свет бар ма?

— Бар!

— Мен ГРЭСтиң жетекши қәнийгесимен. Сизиң илҳамыңызды сораў ҳәм светиңиздиң өшип қалмаўын...

— Рахмет.

Алтыншы күни түнде де тап белгиленген ўақытта телефон шырылдады. Мухаммедов сораўды күтип отырмастан саўдыратып жуўабын төгип таслады.

— Бул жазыўшы Мухаммедовтың үйи, мен өзимен, илҳам жаман емес, свет бар, хош тағы қандай мағлыўмат қызықтырады?!

— Болғаны тек усы. Маған сизиң илҳамыңызды сораў ҳәм светиңиздиң өшип қалмаўын қадағалаў тапсырылған еди. Мен ГРЭСтиң смена мастеримен.

Жетинши күни тағы.

— Мен жазыўшы Мухаммедовпан, — деди трубканы алар-алмастан. — Илҳамым жақсы. Свет бар, тынышыма қоясыз ба мени, жоқ па?

— Биймәлел, отағасы. Мен тек тапсырманы орынлап атырман. Маған сизиң илҳамыңызды сораў ҳәм светиңиздиң өшип қалмаўын қадағалаў тапсырылған еди.

— Сиз ким боласыз?

— Мен ГРЭСтиң аварияләық хызмет бойынша инженеримен.

Сегизинши күни түнги үште телефон шыңғырламай-ақ қол созып еди, жаңа қоңыраў келип атыр екен.

— Мухаммедовтың үйи ме?

— Аўа, Мухаммедовтың үйи, мен өзимен, илҳам ҳеш жерге сыймай атыр. Свет бар. Тағы не керек?

— Ҳеш нәрсе керек емес. Маған сизиң илҳамыңызды сораў ҳәм светиңиздиң өшип қалмаўып қадағалаў тапсырылған еди.

— Сиз ким боласыз?

— Мен ГРЭСтиң нәўбетши операторыман.

— Ой, кудайға шүкир, соның менен таўсыласыз ба?

— Қайда сизге! Бизде тоқсан алты оператор, қырық сегиз техник бар, олардың ҳәммесине усы тапсырма бойынша график дүзип берилген.

Әне, усы гәптен кейин Мухаммедов телефонды дийўалға тартып урып сындырып, көшеге шығып кетти. Таң саз бериўден қонсыларды оятып телефонларын сындыра баслады, соң кеңседегилерди... Қалған жағы өзлеринизге мәлим.

Гәптиң қысқасы, үлкен адамлардың зейнине тийип алыўға болмайды екен. Олардың тәбияты нәзик болады.

*6. 08. 1996-жыл*

## Исенимли мағлыўмат

Қоңсымыз Қарлыбай менен бир подъездде турамыз. Есигимиз бир-бирине қарасқан. Бирақ, барыс-келисимиздиң онша мазасы жоқ. Гәпимиз үйлесе бермейди. Себеби, Қарлыбайдың атқан адымы ақша. Жүз мың дегенлер аўзының бир шекесинен шығып кетеди. Ҳаялының үстинде дүньяның ҳасыл таўарлары, қолларында ҳинжиў-маржанлар. Биз олардың қасында гилең бир майда-шүйде ыбырсықлар менен айланысып жүргендеймиз. Қулласы, тәрезиде тасың тең келмесе, бир есиктен кирип шыққан менен екеўиң еки дүньяның адамларындай болып кетеди екенсең.

Бир күни түсте олардың үйине биреўи орта бойлы, биреўи тапалтастан келген еки жигит келди. Екеўи алма-гезек қоңыраўын басты. Иштен саза болмады. Себеби, олар үйинде жоқ еди.

— Мына үйдиң адамлары жоқ па екен? — деди соң бизиң үйдиң есигин ашып.

— Жоқ.

— Қаяққа кеткенин айта алмайсыз ба?

— Азанда Ташкентке кетти.

— Кешке шекем айланып келер ме екен?

— Як, келе алмайды.

— Бир-еки күн боламыз деди ме?

— Бизлерге ҳеш нәрсе айтқан жоқ, бирақ, биреўлерге аржағына Бишкекке ушамыз деп турғанын еситип едим.

— Мүмкин, рейси иркилип ушпай қалыўы да...

— Як, ушты. Азанда мен де баламды шығарып салдым. Бирге кетти.

— Рахмет.

Еки жигит тез-тез жүрип төменге түсип кетти.

Сол күни телевизорда да дурыслы көрсетиў болмай, ерте жатып қалдық. Азанда шай-пай ишип жумысқа шықсам, қапының тутқасына бир қағаз илдириўли тур. Ала сала оқыдым!

«Берген исенимли мағлыўматыңыз ушын рахмет. Түсте көрген жигитлериңиз».

Қарасам, қоңсымыздың есиги айқара ашық, иши ҳүўлеп тур.

*9. 07. 1996-жыл*

## Жаза қурық

Дүньяда яратқаннан басқаның бәри жаңылысады екен. Ҳәтте Әзирейлиде! Социализмниң дәўлети гүрлеп турған бир пайытта Әзирейлиниң қәтеси менен үлкен бир заводтың директоры дүньядан өтипти. Жазмыштың биз билмейтуғын нызамлары бойынша бундай өлилер «жаза қурық түскен» деп есапланып, қайтадан тирилтип жибериледи екен. Лекин, о дүньяның ислери де мудамы тақ-туйнақтай бола бермейтуғын қусайды ғо. Бул сорлының ҳүжжетлери көп қағазлардың арасында қалып, он бес жылдан кейин қәте өлгени мәлим болыпты,

Яратқан оны тирилтип жиберип, үйине келсе, баяғы сарай орнында бар дә, бирақ, иши ҳүўлеп қалған. Өзи өлгенде жети жасында қалған Азберген ғырыстай жигит болыпты. Бирақ, усти-басы жупыны. Үйде басқа ҳеш ким жоқ. «Әкеңмен» дегенге баласы инанбай, бир күн аўзы көпирип, зорға исендирди.

— Үйдеги дүнья-мүликлер каяққа кетти? — деди соң баласына.

— Ҳәммесин мамам айланысқа сатып жоқ қылды.

— Айланыс деген не?

— Саўдаға пул айландырыў. Зат әкелип, зат сатады.

— Ақмақ! Енди бизиң теңимиз саўдагершилик пе еди? Өзи қаякта?

— Еки жыл болды, саўдагершиликке барып жүрген жағында биреўге тийип кетти.

— Ох, опасыз сениң? Әжапаң қайда?

— Лицейге келген муғаллимлердиң биреўине турмысқа шығып кетти.

— Неғылдейди? Түрклер неғып жүр бүйерде? Шегарадан қалай өткен?

— Ҳәзир ондай, шегарадан өтиў деген машқала жоқ. Түрклер бизде бала оқытып атыр.

— Үх-х! Мен түсинбедим.

Тирилип келген ҳәмелдар өз үйинде қайта-қайта гүрсинип, арман-берман жүрди.

— Яқшы, менин партбилетимди алып шық, райкомға барып келейин, деди соң.

Бала әкесине қарап аң-таң болды.

— Партбилетиңизди мамам мусорға таслап жиберген.

— Не?! — Тирилип келген ҳәмелдар шеп көкирегин услаўы менен бирден ларс етип қулады.

Бул ирет Әзирейли алжаспаған еди.

*1996-жыл*

## Қосымша сораў

Ҳәзирги ўақытта журтта «Муғаллим билсең де қоймайды» деген пикир пайда болып кеткен. Мен, тап усының өтиригин шығарайын деп оқыўға кирген күннен баслап, шуқшыйып китаптың изине түстим. Көшеде қыдырмадым, той-мерекеге де бармадым, еси-дәртим имтиханлардан өз күшим менен өтиў болды.

Ярым жыллық семестр басланды. Биринши мәртебе имтихан тапсырып атырман.

— Биринши сораўды айтың, — деди муғаллим.

Шабатуғын аттай суўлыққа таслап турған адамға жырма, саўдыратып айттым да бердим.

— Екинши сораўға өтиң.

Булда кеўилдегидей болды.

— Үшинши сораўды баслаң.

Үшинши сораўдың да түбелегин түсирдим.

— Болды. Енди қосымша бир сораў беремен, билсең — бес, егер билмей қалсаң өкпелеме: —Сессияны табыслы жуўмақлаў ушын не ислеў керек?

— Жақсы таярланыў керек.

— Тағы?

Ырасын айтсам, тағы не ислеў кереклигин билмейтуғын едим. Тубаладым да қалдым.

— Бар, таярланып келиң, — деди муғаллим книжкамды алдыма атып урып.

Сыртқа шығыўым мәттал, студентлер қоршап алды.

— Неғылдың?

— Жығылдым.

— Қалайынша?

— Үш сораўды да айтып бердим, бирақ, қосымша сораўға жуўап бере алмаған соң қоймады.

— Аңсаты қосымша сораў ғой, — десип атыр ҳәммеси жабырласып, — Бизлер бир сораўға да аўзымызды ашқанымыз жоқ, бирақ, қосымша сораўды тас қылдық.

— Қандай еди сораўыңыз?

— Ол сораў ҳәммеге бирдей.

Жигитлердиң биреўи әсте книжкасын ашып көрсетти. Онда бели бүкленбеген бир-еки жүзлик салыўлы тур еди.

— Бул не?

— Ендиги имтиханның қосымша сораўына.

*9. 07. 1996-жыл.*

## Руль

Алыс районлардың бириндеги орта дәрмиян кәрханалардың биреўине директор болып усынылып атырған Таймасов, буйрық алып кетиў ушын басқарма баслығының алдына келди. Баслық оның менен бираз ўақыт гүрриң өткерди, соң мақул деп тапса керек, қәнийгелер бөлиминиң хызметкерин шақырып, буйрық

таярлауға тәртип берди.

— Енди сиз шарбақтан бир айланып келиң, — деди баслық Таймасовқа. — Киреберистеги биринши бастырманың астында бир жеңил машина тур, соны дыққат пенен көриң, қайыл болсаңыз соны сизге хызмет бабында миниўге беремиз.

Таймасов шарбақтан апалақпап тез қайтып келди.

— Ҳаў, ақсақал, — деди хаўлығып, — ол машинаның рули жоқ ғой.

Баслық мыйықтан күлди.

— Алабериң. Машинаңыздың рули бизде турады.

Таймасов азғана ўақыт сам-саз болып турды да, соң:

— Мен қайылман, — деди бас ийзеп.

— Бәрекелла! — деди баслық кеўилли түрде. — Ҳәзир директор болғаныңыз ҳаққында буйрықты аласыз. Сизден алдын жиберилген еки жигит те руль сорағаны ушын буйрық ала алмай кеткен еди.

*1996-жыл*

## Қәтере

— Дәўирхан көзиңди аш!

— Ағасы-аў, қорқыта бермеши! Не болды саған?!

— Аға! Аға деймен!

Қулағыма сондай даўыслар емески еситиледи. Бирақ қаяқтан шығып атырғанын билмеймен. Көзимди ашқым келеди, ашалмайман. Қыялыма суўдың астында жүргендеймен. Ҳәмме жақ гүңгирт. Әллен ўақытлары барып өзиме келе басладым.

Қарасам тас төбемде еки доктор, оң жағымда балам, сол жағымда ҳаялым. Олар мениң көзимди ашқанымды көрип қуўанып қоя берди.

— Я алла, балаларының несийбесине қудайтаала қайттан берди ғой, — деди ҳаялым, жағасына түпирип.

— Аға, мен ғо, — деп балам қолтығыма кирип атыр.

Доктор оларды сыртқа шығарып жиберип, мени палатаға алып киргизди. Мен еле әўере-сарсаңман. Бул жерлерге қалай келип қалдым? Не болды? Неден басланды? Мениң бундай талма кеселим жоқ еди ғой? — деймен өзимше. О-о, жаңа есиме түсти. Бул кеше-бүгин пайда болған аўырыў емес, буннан бир жыл бурын бир аўыз қәтере себепли мойныма илинген тәшўиш еди.

Аўылымызда Жарылқаған деген жасы үлкен бар еди.

Сол бир күни кешлетип бизиң үйге келди.

— Дәўирхан иним, көп иркилмеймен, деди дәстурханнан нан аўыз тийип. — Кишкентай бир жумысым бар, соны питирерме екенсең деп келдим.

— Қолымнан келетуғын жумыс болса питирейин аға.

— Қолыңнан келеди. Бизиң Алымбайды бир муғаллим имтиханнан еки қойып сабақтан шығарып жиберипти. Жети қыздың ишинде еркелеп өскен бир бала еди, кеше үйге барды, аўқат та жемейди, шай да ишпейди, туңжырайды да отырады. Ақыры, шыдамай саған келдим, қосшым.

— Ол муғаллимди мен таныйма екенмен?

— Таныйсаң. Жумагүл деген келиншек, сизлердиң ояқ-буяғыңызда қоңсы қусайды.

Ырасында да, ол бизлер менен үш-төрт жай былайырақта туратуғын қоңсы еди. Жасы үлкенниң сөзин қыймай, бардым.

— Дәўирхан аға, мен ол баланы оқыўдан улыўма шығарып жибермекши едим, — деди ол маған. — Мен оған муғаллим емес, тап жеңгесиндеймен, уялмай ойнағысы

келеди. — Үшинши парға кирип, журналды барлайын деп жаңа отырғаным, өкшем муздай болып кетти. Не нәрсе екен деп қарасам, рәпийдадай бир тасбақа аяғымды жалап тур. Шоршып кеттим. Нашар балларды өзиңиз билесиз, тышқаннан, қурбақадан, жыланнан зәрреси қалмайды.

— Ким әкелди буны! — деп бақырсам жаңағы бала тартынбастан:

— Мен әкелдим муғаллим, бул мениң меншик тасбақам, — дейди.

— Неде болса енди сиз келдиниз, кеширим бермеске илаж қанша? — деди пәсине қайтып. — Лекин сизге айтажақ бир жумысым бар еди, егер қыйланбасаңыз?

— Неге қыйланамыз? Адам күни адам менен деген...

— Телефонға арза берип қойғаныма бес жыл болды, сирә бир сәти түспейди. Сиздеги шешемниң ағасы сол жерде басшы жумысларда ислейди екен. Келистирип берсе анаў-мынаўсынан қашпас едик...

Бир адам жумысыңды питирип атырса, оның қайтарып салған жумысы ушын, «анаў-мынаўсы» деген гәп болыўы мүмкин бе? Бир тийинсиз тез күн ишинде телефон қурғызып беретуғың болып, табанлы түрде ўәде бердим.

Аўылдан келген жасы үлкен төбеси көкке жетип қайтты. Оның есесине ҳаялдың қабағы муштай болды.

— Бизиң төркинде не болып не қойып атырғаны менен исиң жоқ. Ағамның ол жерден шығып кеткенине бир ярым ай болды, сен болсаң атын сатып, ўәде етип қайтып жүрсең.

— Енди не қыламыз?

— Билмеймен!

Өлимнен уят күшли. Лебизимди шаймаламайман деп қайнағамыздың үйине бардым.

— Бундай жумысты өзим ислеп жүргенде айтыўың керек еди, — деди ол да назырқаныңқырап. — Мейли, енди бирге барамыз, сөйерде не дегенин еситерсең.

Айтпақшы қырқыншы автокәрхананың директорып танийсаң ба?

— Өзин танымайман, бирақ ҳаялы бизлерде ислейди.

— Ҳаялын танысаң болды ғо. Соның автокәрханасында таза «Супер МАЗ» автомашинасы бар екен, арендаға береди дейди. Бизиң Өткирбайға сөйлесип берсеш. Анаў-мынаў тәметсе берермиз, әйтеўир...

«Қудай жоқ, пайғамбар жоқ» белбуўардай ўәдени берип салдым. Еплеп мениң алдыма түсип, қәтереге барса болар.

— Мынаў бизиң күйеў бала, — деди байланыс тармағының тазадан болған баслығына таныстырып. Қудайға шүкир усы қараған елатта абыройы жаман емес. Анаў-мынаў жумысың болса питиреди. Тек буның қоңсысының үйине телефон қурғызып берсеңиз болды.

Мениң бахтыма бизиң көшедеги гөш-сүт өнимлери басқармасының кеңсеси жабылып, бирден жети точканы қайтарып тапсырып атыр екен. Лекин, таза баслық оның қәдирин түсирмеди.

— Сиз келдиңиз, онда илаж жоқ, — деди бизиң қайнағаға, — Лекин жаңағы гәпиңиз ырас болса, инимизге бир жумыс саламыз.

— Сала берин. Жыланның таңлай тисин әпер десең де әпереди.

— Бала-шағаны санаторияға жибермекши едим. Ендиги айдың бесине жоллама да таўып қойыппан. Соған бир жерден азы-кем пул өткизип бериўи керек.

— Өткереди! Бизиң Дәўекеңниң мәкеме басшы яр дослары көп. Бир аўыз гәпи.

Қайнағам мен ушын ўәдени үйип-төгип таслады.

Арадан бир ай өтти. Қонсымыз телефонлы болды, Жарылқаған ағаның ерке баласы пәтиңкесиниң сирисинен басып, колледжде оқып атыр. Ал, мен болсам мойныма минген қәтерелердиң изинде еле жүрмен.

Өткирбайға арендаға МАЗ беретуғын директордың ҳаялы жерге түсип кеткен орамалын пул бермесең еңкейип алмайтуғын қыйлынан еди.

— Қәйним, питпейтуғын жумыс жоқ, — деди айтқаннан-ақ. «Қалаўын тапсаң қар жанар» деген, оны сизиң айтыўыңыз, бизиң питкериўимиз биледи.

Басыңды аўыртып не қылайын, Өткирбайдың МАЗ миниўи, бизге сол автокәрхананың директорының қызы ушын медсестралық бир орын таўып бериўге түсти. Бул қәтерени байланыс тармағы баслығының ҳаялына санатория ушын пул өткерип бериў менен бирге алып бардым. Бармаған есигим, кирмеген тесигим қалмады. Жумыста да азанғы ўақытта бир көринемен, кейин бизди излеген адам таппайды.

Өлдим азарда, қаланың туў сыртындағы тасланды суўларды тазалайтуғын бир мәкемениң директоры санаторияға жоллама ушын пул өткериўге келисим берди. Әлбетте, оған бир өзим барғаным жоқ, коңсымыз Мәдирейимниң бөлеси екен ол маған гараждың ултанын сыбаў ушын бир машина бетон, төбесине қуйыўға бир доғалақ битум таўып бериў шәртин қойып қәтереге баратуғын болды.

Келисим бердим. Жолламаға пул өткерип беретуғын директор да қарап қалған жоқ.

— Бундай қайырқомлыкты адамның адамы ислейди, — деди ол маған. — Тап мына Мәкең келген соң қыймай отырман. Сонда да сизге бир жумыс айтайын, өйтпесек сонша пулдың обалы да барды. Базаркомды таныйтуғын шығарсаң?!...

— Таныўым керек.

— Сол базаркомға барып бизиң ҳаялдың инилерине бир коммерциялық дүкан, бир гөш ларек қойыўға орын алып бересең.

— Болады әперейик.

Шынжырма шынжыр қәтере көбейип кетти. Базарком өзиниң балдызына балалар бақшасының баслығы ўазыйпасын алып бериўди, Өткирбайға МАЗ беретуғын автокәрхана директорының қызын жумысқа алған бас врач өзиниң қызын контракт пенен институтқа киргизиўди, институт ректоры жақын районнан студентлер егин

егип тәрбиялаў ушын 60 гектар жер алып бериўди, жер беретуғын колхоздың баслығы Белоруссиядан бир экскаватор алдырып бериўди өтиниш етти. Енди ойлап көрсем, усы экскаваторды айтқан ўақытлары таслаған екенмен...

Емлеўханада бир жети күн жатып өзиме келдим.

— Дәуирхан аға, енди қайтып аўырмаң, — деди бас врач мени дәрўазаға дейин шығарып салып. — Деген менен ҳәзирги медицинаның аўҳалын билесиз, өзиңиздей азаматлардан жәрдем сорамасаң болмайды.

— Басланды! — дедим ишимнен. Аяқ қолыма қалтыратпа тийе баслады.

— Тезирек айтың, қандай жәрдем керек?

— Жәрдем болғанда ат-түйе емес ғой. Жора-жолдасларыңызға бир аўыз айтсаңыз питиреди. Еки жүз метр траншея бар еди, көмилетуғын. Соған бир бульдозер...

Аржағы есимде жоқ. Көзимди ашсам, бурынғы палатамда жатырған екенмен.

*2. 09. 1995-жыл*

## Тырнақ бояўы

Жүрип қалған жигит-отырып қалған қыздан жаман, қусайды. Сен тәме еткен дүркинлер өтип болғаннан кейин хеш кимге сөз айта алмайтуғын, жасқаншақ болып қалады екенсең. Бул жасқаншақлықты мен узақ ўақыт бастан кеширдим.

Бир күни кеште Кәримбай деген достым үйге келди. Кеўилли.

— Ҳәр нәрсениң ўақты-сәти болады деген ырас екен, жора. Саған қыз таптым, — деди күлип.

— Қаяқтан?

— Қаладан. Бизиң дайымның үйиниң қасына биреўлер көшип келипти. Соның ай десе аўзы, күн десе көзи бар бир қызы бар екен. Айыбы сен қусап отырыңқырап қалған.

— Ол маған көнер дейсең бе?

— Көниў екинши мәселе. Қыздың шешеси «дурыслырақ биреў табылса, жумыс бетинен алып кете берсе үндемес едим» депти. Соннан есигин аңлып отырып қызды көрдим. Аўзым ашылып қалды. Қулласы, оны алсаң, бул дүньядан әрмансыз өтесең.

Гәптиң пос гәллеси, бир достымыздың машинасын минип, үшеўимиз ертеңине қалаға кеттик. Қыз ҳаяллар салонында шаш-бояўшы болып ислейди екен.

Күтип турмыз. Саат алтыға он минут қалды. Қызлар биринен кейин бири шыға баслады.

— Әне, киятыр, — деди Кәримбай бир ўақта қызыл кофта кийген қара көз әйнекли қызды көрсетип, — Ҳәзир мен қапыны ашаман да ортаға ийтерип жиберемен. Сен өзиңе қарай тартасаң. Қалғанын жол-жөнекей көре беремиз.

Айтқандай, қыз машинаға қапталласа берген ўақытлары Кәримбай шырп етип түсти де қызды ортаға ийтерди.

Мен қорқа-қорқа қолынан тартқан болдым.

Ҳәммеси ойдағыдай болды. Кең көше менен зырлап кетип баратырмыз. Қыз ҳәр қайсысымызға бир қарап:

— Ну смотри! — деп мысқыллы күлип қояды. Бизден шайтаны сескенип отырған ол жоқ.

— Қаяққа айдаймыз? — деди бир ўақта рульдеги жорамыз.

— Қәйдем, аўылға айдайтуғын шығармыз, — деди Кәримбай,

— Аўылға?! — Қыз шоршып түсти. — Онша не аса берип? Кәримбай маған қарады.

— Ырасында да, жақынырақ жер жоқ па?

— Қәйдем, — дедим мен гибиртиклеп, — Шайханада қызапамның үйи бар еди.

Қыз және бизлерди ермек еткендей мысқыллап күлди.

— Уялмайсыз ба, қызапаңыздың үйине апарыўға.

Биз ҳайран болып бир-биримизге қарастық. Қызапасының үйине апарғанның неси уят!

— Мейлиңиз, — деди қыз ийнин қысып, — Маған бәрибир. Бирақ, адамға бес жүз сомнан бересиз. Соның өзи тырнақ бояўыма жетсе де болар.

Аң-таң болып мен Кәримбайға, Кәримбай маған қарады.

*9. 07. 1996-жыл*

## Адвокат ҳаққында ертек

Усы қалада ортаң қолдай он еки судья, алты прокурор, тоғыз тергеўши бар. Оларға көп адамлардың жумысы түсип турады. Әсиресе, нызам бузғанлардың жақын-жуўықлары, есигин тындырмайды. Лекин, булардың ҳәммесине күн даўамында барған қәтере, адвокат Айбарақовтың бир өзине түске дейин-ақ келгенлердиң аққуласына турмайды. Айбарақовтың атын билмейтуғын ел, бул әтирапта жоқ. Жынаятлы исиңди ақлаўға ол араластыма тамам, пүткил Япон теңизине от берип жиберсең-әм сени сүттен ақ, суўдан таза етип қояды. Ол теңиздиң өзи қашшаннан жанайын деп турған, сен қайта сөндириўге барған болып шығасаң. Соның ушын, ҳәмме Айбарақовқа өш. Ким табылғанын мөңиретип я маңыратып қораға әкелип байлайды, ким қалтасына тығады, ким дастурханның ернегине қойып кетеди, қулласы, көзи уйқыға кетемен дегенше ол ҳәммесин бир жөңкилли етип тақлап, есабын шығарып үлгере алмайды. Оған қудайтааланың өзи қарасып, ҳәммени жумаландырып қойыпты.

Жақында ол, үш мәрте судланған, усы ретте бир үйде туратуғын үш адамды жаўызларша өлтирген Әширбайды ақлаўға жең түринип киристи. Қылмыскер байғус, ислеген айыбын мойнына киймешектей кийип-ақ тур. Лекин, Айбарақов жәм жолатпайды. Оның тәриплеўинде Әширбай билегине қонған сүйир шыбынды өлтирип көрмеген мөмин екен. Үйинде нангөрекке нан таўып, қара шыбынға пал жағып беретуғын қусайды. Судта прокурор оған атыў жазасын берген еди. Оған Айбарақов пүткиллей қарсы болып, былай деди:

«Бүгинги суд барысында прокурор жолдас Жылқайдаров, туўысынан жуўас, қой аўзынан шөп алмайтуғын мөмин бенде Әширбай Нәдирбаевтың үстинен айыплаў жуўмағын оқып, жынаятты бөрттириў кодексиниң 101 статьясының прим еки, бөлим үш, параграф төрттиң в, г, д, е пунктлерин бузды. Прокурор жолдас бул жерде мөмин бенде Нәдирбаевты Танковая көшесиниң 12 жайында турыўшы Гүлдарийха кемпирдиң үйине түнги саат екиде мәс ҳалында бастырып кирген деп айыплады. Бул пүткиллей қәте. Себеби, Нәдирбаев мәс болыў былай турсын, усы жасына келгенше лимонадтан басқа ҳеш қандай шийшели суў ишип көрмеген. Қалаберди ол, Гүлдарийха кемпирдиң үйине бастырып кирмеген, ал шарбақ бетиндеги ашық турған қапыдан кирген. Демек, бул жерде көбирек Әширбай емес, ал, усы үйдиң турғынлары гүналы. Олар нызам хызметкерлерин әдептен жек көретуғын адамлар болған, соның ушын да, ҳәр күни шарбақтың есигин ашық қалдырып, «үйимизге я уры түссин, я ҳәммемизди баўызлап кетсин, кейин прокурорлар излеп таба алмай хор-зар болады» деген жаман пыйғылдағы адамлар болғанын ҳеш кимнен еситпесемде, жүрегим сезип турыпты. Усыны нәзерде тута отырып, ҳүрметли судья, жынаятты жумсартыў кодексиниң 41-статьясы, прим 3, бөлим 4, параграф бестиң «г» пункти менен мәмлекетлик шөлкемлердиң қас душпанын жоқ еткени ушын жолдас Нәдирбаевтан ҳәмме жабылып кеширим сораўымыз ҳәм оны ҳәзирдин өзинде қамақтан азат етип жибериўимиз керек.

Егер менин бул өтинишим инабатқа алынбаса, тағы да дәлиллерим бар. Прокурор жолдас Жылқайдаров кемпирди уйқылап атырған жеринде барып, нәл қағылған пәтинкениң өкшеси менен басына теўип өлтирген дейди. Бул да анық емес. Себеби, биз тексерип көргенимизде соңғы еки жылдан бери қаладағы бир де етикшиде нәл болмаған. Еки жылдын аржағында нәл қағылған өзимизде шыққан пәтинкениң бүгинге дейин жетип келиўи мүмкин емес. Оның аржағында болса бул әтирапқа

импорт кийимлер жетип келе алмағаны белгили. Кемпирдиң қоңсыларынан сорап көргенимизде оның буннан отыз жети жыл бурын есерсоқлаў күйеўи болғанлығын, сол бир күни түнде ишип келип, ҳаялының басына нәлли пәтинке менен теўгенлигин анықладық. Соннан берли ол тез-тез талма кеселге тап болған. Бизиң изертлеўимизше бул пәтинке 1967-жылы Избасар деген шобытшыға тапсырылған. Ол шобытшының өлгенине ҳәзир он еки жыл болады екен. Мениң өтинишим, сол ғаррысының шобытшыға тапсырылған етиги излеп табылып, оны басындағы тепкиниң изине қойып көриў керек. Ҳәзирги турысында Нәдирбаевты кемпирди теўип өлтирген деп айыплаў қатты қәтешилик болады. Әлбетте, ол «өзим өлтирдим» деп мойынлап отыр. Бирақ, биз оған исенбеўимиз керек. Себеби, қылмыскерлер «алла-жалла олай ислемедим» десе исенбеймиз де, «сөйттим» десе қайтарып сорамастан исенеғоямыз. Бул жынаятты қыпсырмалаў кодексиниң 14 статьясы, үшинши прим, екинши бөлим, жетинши параграфтың «ю» пунктине қайшы келеди. Мениңше, кемпир буннан жигирма тоғыз жыл бурын жеген тепкисиниң салдарынан сол ақшам өлип шыққан.

Нәдирбаевты тағы да, кемпирдиң баласының алқымына раскладушканың темирин қойып, онын үстине минип турып, демиктирип өлтирген деп айып тағып отыр. Дурыс, солай болғанлығын ғәреметке қайым Әширбай мойынлап отыр. Бирақ, бир жери бар, не ушын бул жерде тийкарғы айыпкерлер жазадан аман қалады? Мәселен, радиода ма, телевизорда ма, бир биолог шығып сөйлеп, «адамның кегирдек сүйеги жүдә беккем болады, ол жетпис килолық салмаққа да мүдирмейди» деген екен. Ғәреметке ушырап отырған Нәдирбаев тек соны сынап көрмекши болған. Баяғы жетпис килоны көтереди деген кегирдек, алпыс еки килолық Әширбайды көтере алмай, бир гүнасыз бийшараны шырылдыўға қалдырды. Ал, айтқан сөзин өзлери сынап көрмеген биологлар азатлықта! Өтинишим, оларды алдырып, Әширбайдың орнына қара гүрсиге отырғызыў керек. Егер олар бундай қам гәпти аўзына күши жетип, айтпағанда, Нәдирбаев та ондай, бурын сынап көрилмеген тәжирийбеге қол урмаған болар еди.

Бул жерде айта кететуғын тағы бир нәрсе бар. Не ушын раскладушка сынып қалған. Буған сапасыз өним шығарған кровать заўыты айыпкер емес пе? Неге биз директорының қолына кисен салып, усы жерге әкеп қоймаймыз? Егер сол раскладушка сынбағанда Әширбай ондай сумлықты ойлап отырмас еди. Қалаберди,

ол темирди бас ушына қойып жатқан жигиттин өзи де айыпкер. Еситиўимизше, ол кейинги ўақытлары дым өлиўди хәўес етип жүреди екен. Неге олай? Не ушын ол жасаўды хәўес етпейди? Себеби, ол ўатанға өз бойындағы күш-қарыўын бериўди қызғанады? Оны усындай етип тәрбиялаған мектеп муғаллимлери не ушын қара гүрсиде отырмайды? Айыплаў жуўмақта тағы да, «жигиттиң хаялының жүреги жарылып өлген» дейди. Еки адам өлгенге жүреги жарылып өле беретуғын хаялдын өлгени дурыс болған. Себеби, ондай хаялдан хеш ўақытта ел қорғайтуғын азаматлар туўылмайды.

Солай етип, менин пикиримше, сәўирдиң жетиси күни Гүлдарийха кемпирдиң үйине бийшара Әширбайдың биймезгил болса да, қымбатлы ўақтын бөлип кирип барғаны ырас. Бирақ, үшеўинин өлимине де ол айыпкер емес, олардың өзлери айыпкер, қала берди, демлери таўсылып турған. Соның менен бирге Нәдирбаевтың хожалық жағдайын да есапқа алыўымыз керек. Ол буннан бурын бир мәрте баспақ урлап, бир мәрте трактор сатып, бир мәрте сулыў қыздың әўретин ашып қойып, жәми болып он сегиз жыл түрмеде отырған. Бул жазалардың хәммесиде ўақтында дурыслы адвокат табылмағанлықтан, орынсыз берилген. Себеби, кеште байланбаған сыйырдың урланғаны ушын ким гүнакар, әлбетте, ийеси, тракторды жолдың шетине ходлап қойып, дүканға кеткени ушын ким айыпкер — тракторшы, қызларды айдай арыў етип туўып, жигитлердиң еркеклик урығын қоздырғаны ушын ким айыплы, мениңше шешесинен басқа хеш ким емес. Демек, бул жерлерде Нәдирбаевтың бир қыйқым да гүнасы болмаған. Судья әдил болғанда урланған малдың ийесин, тракторшы хәм сулыў қыз туўған хаялды қамап жиберип, Әширбайдан қуры хәлеклегени ушын кеширим сораўы тийис еди.

Сондай-ақ Нәдирбаевтың хаялы узақ айралыққа шыдай алмайман деп жылап келип отыр. Оның хақ көкирек пенен айтыўы бойынша Әширбай дәслеп үш жылға кеткенде бригадтан уллы, кейин жети жылға кеткенде тракторшыдан қызлы, буннан соң сегиз жыл отырған сапарында табелщиктен еки рет егиз қурсақ көтерген екен. Ол баладан қалмай турып, Әширбайдан бир перзент көрип қалсам екен деп әрман етеди. Неге биз бир пуқаранын ат басындай әрманына кесент етемиз.

Усы жақларын есапқа алып хәм Гүлдәрийха кемпирдиң, оның баласының хәм келининиң өлиминде Әширбайдың ийнениң ушындай айыбы жоқ екенлигин

мойынлап, оны усы жерден биротала азат етип жибериўиңизди, сондай-ақ, тергеў барысында үш ай қамақта отырғаны ушын айлығын үш есе көбейтилген муғдарда марҳумлардың ағайин-туўғанларынан өндирип бериўиңизди сорайман. Адвокат отырды. Суд ойласыққа кетти. Көрип отырғанымыздай еки түрли уйғарым бар еди, бири прокурордики - жынаятшыға атыў жазасы, екиншиси адвокаттың шешими - жынаятшыдан кеширим сорап, оны азат етип жибериў.

Суд бул иретки ҳүкиминде еки шешимниң арасынан ортақ бийлик шығарды. Нәдирбаевты азат етип, адвокатты атыўға жиберди.

*1994-жыл*

## Ҳәзир ўақыт басқа

Мәкемемизге Бектемиров деген киси бөлим баслық болып келип, ҳәммениң төбеси көкке жетип қалды.

— Енди директорымыздың өриси тарылды, бул киси ҳеш кимниң бет-жүзине қарамайды.

— Бектемиров пенен ислескен директор, қолға үйретилген тайдай болып қалады.

— Бизлердиң қәдиримизди енди биледи.

Лекин, Бектемиров журт ғаўқылдасқандай болып шықпады. Директордың баяғы озбырлығы күшейсе-күшейди дә, пәсеймеди. Үйине қонақ келетуғын болса төрт-бес жигит хызметте. Ҳаяллар баўырсақ писиреди, аўқат асады. Кеңсеге еки нәрсе келсе, биреўи соның үйинде қалады. Қулласы, өзи хан, өзи султан. Бектемировтың өзи түўе, әкеси тирилип келсе де, оннан айбынатуғын директор жоқ.

Ақыры, хызметкерлер шыдай алмады. Бектемировты ортаға алды.

— Биз сизден үлкен үмит күтип едик, неге үндемейсиз?

— Сизден директор түўе басқармадағылар зирилдесип қалады десип еди?

Бектемиров әсте мыйықтан күлип жуўап берди.

— Ол баяғыда еди, жигитлер. Ҳәзир ўақыт басқа. Мен буннан алдынғы ислеген мәкемемде директорға наразы болып, район ҳәкимиятына хат жазған едим. Тексерип келди. Бир күн қонақ болды да кетти. Алдымыздағы ярым айлықта ҳәммеден сыпыртып отыз сомнан услады.

— Бул не? — десек.

— Тексериўди күттик, — деген жуўап алдық.

Ашыў менен ўалаятлық басқармаға жаздым. Бес адам үш күн тексерип жатты.

Кейинги ярым айлықтан шеттен жүз сомнан жыйнап алды.

— Бул не?

— Тексериўди күтиўге кетти.

Болмады. Жәмәәт болып республикалық министрге жаздық. Жети адам он күн жатып тексерди. Қандай илаж көрип кеткенин билмеймиз. Келеси ярым айлыққа қол қойдық, ақлай.

— Пул қайда?

— Комиссияны күтиўге кетти. Соннан баслық бир жақта қалды да, ҳәмме мениң изиме түсти.

— Бәри сениң таўып жүрген бәлең!

— Бала-шағамызды үйиңе апарып таслаймыз, өзиң бақ.

— Жақсысы, сен бул жерден кет, көзимизге шүйелден бетер көринип турсаң.

Әне, солай етип, жумыстан шығып кетиўге мәжбүр болдым. Сизлер мени және сол жолға ийтермелейжақсыз.

Усы ўақытлары директордың шоферы кирип келди.

— Бәрекалла! Ҳәммеңиз усы жерде екенсиз ғо. Жүриң, директордың жеке меншик фирмасына вагон қойды. Қаўын тийейсиз.

Ҳәмме сыртқа шығыў менен болды. Оларды Бектемиров баслап барар еди.

*8. 07. 1996-жыл*

## Саўда

— Ассалаўма алейкум аға. Сизди излеп келип едим.

— Хызмет?

— Кешеги ана, Ешбайлардың алғандайынан бизлерге де керек еди, отызы.

— Болады, беремиз.

— Қаншадан екен?

— Қаншадан деп, халықтың ырқығо.

— Сонда да.

— Пай, аңқаўсырайсаң-аў. Мыңнан!

— Ой-бу, сәл қымбатлаў емес пе?

— Неси қымбат! Мың сом ақша ма ҳәзир!

— Бизлер қусағанға ақша ғой, аға.

— Солай қосшым, басқа гәпиң барма?

— Аға, былай етейик тә, қолды әкел, келисейик — жети жүзден.

— Я-яқ болмайды, жибер қолымды.

— Қойыңдә, аға. Келисейик тә, жети жүз-әм пул ғо. Отызы жигирма бир мың болады.

— Оның мыңын санама қосшым, «тақанның түрли-түрли былғаўы бар». Кеше Ешбайлар алып кетти ғо, мыңнан. Саўдаласып-әм отырған жоқ.

— Ешбайлар базарға ертерек кирген ғо. Бизлер еле үйренисе алмай атырмыз.

— Сөйтип-сөйтип үйренисип кетесиз.

— Ақсақал, бир ретке түсиң де, «деңгенениң соңы емес», ендигиде айтқаныңызға алып кетермиз.

— Әй, бир майда бала екенсең, яқшы жүз сом түстим, тоғыз жүзден бере ғо.

— Және бир текше түсиң аға, сонда сизиң айтқаныңыз-әм емес, бизиң айтқан-әм емес, сегиз жүз болады, орталық.

— Бир, алатуғын аўырыўдай не бәлесең! Яқшы, ақшаңды алып түстен кейин келеғойың.

— Рахмет аға, берекет табың.

— Әй, бала, бағанағы гәпинде тур, ендиги имтиханда бир сом-әм түспеймен.

*11. 01. 1998-жыл.*

## Реклама

Жора-жолдастың бары жақсы. Қысылғанда кеңес береди, қуўансаң бирге қуўанады, қапа болсаң қайғыңды бөлиседи. Қулласы, достың көп болса, жүгиң жерде қалмайды

Бахтымды ис билерменликте сынап көриўди баслағалы, дос-яранның мәсләҳәтине мүтәж болып қалдым. Неге дегенде, исим жүриспейди. Гә пул таппайман, пул тапсам сарплайтуғын жер таппайман. Еми жоқ аўырыўға тап болған адамдай, сәл сырласқандай адам болса сарсылып қоя беремен.

— Неғе сениң исиң жүриспей атырғанын билесең бе? — деди бир күни досларымның биреўи.

— Қайдем. Шамамда есап-санаққа олақ шығарман.

— Гәп онда емес. Есап-санақ екинши мәселе. Биринши мәселе истиң көзин билиўде.

— Неде екен истиң көзи?

— Сениң талабың ушын истиң көзи рекламада.

— Яғ-әй.

— Неге яғ-әй! Раўажланған мәмлекетлерде реклама — бул, өмир деп қарайды. Онысыз исбилермен болыў мүмкин емес. Ал, сен еле оған үйренисе алмай атырсаң. Сөйтип жүрип тәғдирден налыйсаң. Мәселен, сенде тахтай бар ма, — бар, ким биледи соны?

— Сен билесең, Доспанбет биледи, Ержанның хабары бар, Нурабылла еситти, кейин...

Достым күлип жиберди.

— Баланың гәпин сөйлейсең! Ал, биз ҳәр қайсымыз он адамға айтқанда елиў-алпыс адам еситер. Оларға тахтай я керек, я керек емес. Егер реклама қылсаң бир күнде жүз мың адам еситеди, ертеңине ярым миллион, үшинши күни бир ярым миллион адам хабардар болады. Әне, соннан кейин көрейин сениң затыңның өтпегенин.

Ойлай турсам, гәпиниң жаны бар. Еки вагон тахтай түсиргениме үш ай болды, жаңа бес кубасын саттым. Панерлерге ызғар өтип баратыр, бала-шағамды «қырып-жойып» күн арадан өзгертип жыйнайман. Бираз шиферларым өзиниң

салмағы менен-ақ сынып болды. Егер реклама бергенимде бул ўақытқа бәрин сатып болып, фирмам әдеўир жерге барып қалған болар еди.

Ертеңине радиоға реклама бердим, келеси күни телевизор арқалы, үш күннен кейин ҳәмме газеталарда «Табарман-тутарман» фирмасында, (яғный мениң фирмамда) қәлеген түрдеги қурылыс буйымлары табылатуғыны ҳаққында шырайлы рекламалар басылып шықты. Реклама қарыйдар шақырады деген ырас екен. Телевизордан айтқан күнниң ертеңине бир жигит келди.

— Кеше сизиң фирмаңызда тахтай бар деп айтқандай болды ма?

— Аўа, бар.

— Қандай тахтайлар бар?

— Қәлегениңиз табылады. Шифер қақтырыў ушын страпила керек пе, төбесине салыўға домалақ қарағай, поллатыўға үшлик-төртлик тахтай, айна-қапы соқтырыўға болса беслик, қулласы, бәри бар.

— Кийгизбели тахтайыңыз да бар ма?

— Бар. Сазын жақсылап қойсаң, оған устаның кереги жоқ, өзиң-әм қаға бересең.

— Қәне, сол тахтайларыңның ҳүжжетин көрейик, — деди жаңағы жигит бир ўақытта маған хөктемсиңкиреп.

— Не ҳүжжет? Ҳәммеси саз. Менде ҳүжжетсиз нәрсе жоқ.

— Мәселен, бажыхананың рухсатнамасы бар ма?

— Бар.

— Көрсетиң.

— Неге көрсетеди екенмен?

«Қарыйдар» кишкене гүўалық көрсетти.

— Бажыхана басқармасынанман. Гүманлы затты тексериўге ҳақым бар.

Сирә буны биреў сорайды деп ойлаппан ба? Үш айдан бери жатқан ҳүжжет, аўдар-теңкер етип зордан таптым. Тахтай алады деген қарыйдарымыз үңилип бираз отырды, үн жоқ — түн жоқ, қабағы қарсы жабылған. Қағазларды қайтып бермегенше гүдикленип турман. Тақыр жерден шаң шығарып, жыр таппаса не жақсы.

Айтқан жеримнен шықты.

— Мына рухсатнаманы ким берди?

— Аты-жөни жазылған шығар.

— Жазылғаннан кейин сорап отырман. Арықтан келген, узын бойлы жигит пе?

— Онша елестирмедим.

— Елестирмесең сол — Бекжанов деген. Ҳәзир қамақта жатыр.

— Қамақта? — Дәслебинде қорқып кеттим де, кейин өзиме келдим. —Оның маған не байланысы бар?

— Ҳәзир ол рухсат берген затлардың ҳәммеси тексерилип атыр. Ол бизиң бажыханамыздың атына дақ түсирип, пул менен урлық затларды өткерип жибере берген.

— Сонда мениң тахтайларым да урлық па?

— Ким биледи! Мүмкин солай болыўы да? Буны тексерип көриўимиз керек.

Әне, соннан басланды майда гәп. Ол «урлық мал» деп гүман етеди, мен ҳүжжет қалдырмай көрсетемен, ол ҳеш қайсысын писент қылмайды. Оның айтыўынша, тахтайды алған жериме қайтып барып, және бир мәрте хүжжет әкелип бериўим керек екен. Сонда ҳақыйқый урлық емес екенлиги дәлилленетуғын қусайды. Болмаса турысы менен мәмлекет есабына қатлайжақ. Басыңды аўыртып не қылайын, түске дейин кегирдекке суў бүркистик. Реклама бойынша келген онлаған

адам қайта-қайта есикти ашып сығалайды, бизиң оған хабарласқандай шамамыз жоқ. Әй, өлдим азарда мәмлеге келдик.

— Яқшы, отағасы, былай етейик, — деди әлле немирде. — «Гилем сатсаң аўылға сат, бир шетинде өзиң отырарсаң» деген екен ата-баба. Сол айтқандай, елге тахтай әкелген екенсең, усының ушын мен буны шуқластырмай қоятурайын. Бирақ, билесең ғо, қыйқалаған жерден қан шығыў керек.

Бажыхана хызметкери бир сом бермей үш куба тақтайымды алып кетти. Түстен кейин мойным салбырап, зорға келдим. Есиктиң аўзында жети-сегиз адам турған екен.

— Инилерим, сизлер қойып турың, мен еки аўыз сөйлесемен де шығаман, — деп бир пәжмүрделеў киси изиме ере кирди.

Түске дейингиден жүрек шайды болып қалған мен, ҳә дегеннен түр-түсине қарадым. Ондай қәўипли адамға усамайды.

— Кеше рекламада көрип едим, — деди ол алдыма жақын отырып. — Қурылыс буйымлары, деди. Шифер-әм бар ма екен?

— Бар.

«Бийттиң ашыўын бүргеден алыўға» бола ма, үш куба тахтайдың ашыўы менен ишим ийт жыртқандай болып турса да, билдирмей, малымды мақтай басладым.

— Өзи жүдә беккем шифер. Жети қарықлы, шытнаған, жарылған жери жоқ. Үстинде теппек ойнасан-әм бүлк етпейди.

— Россияники ме, өзимиздики ме?

— Россияники

— Сатып әкелдиң бе, затқа аўмастырдың ба?

Әсте, көз астымнан бетине қарадым. «Бунның не жумысы бар, сатып әкелемен бе, сорап әкелемен бе, қарызға аламан ба?»

— Шифер алажақсыз ба өзи? — дедим қабақ шытып.

— Аламан ба, алмайман ба, бул екинши мәселе! Сиз маған жаңағыны айтың, сатып әкелдиңиз бе, затқа аўмастырдыңыз ба?

Әне қалас! «Жарлының аўзы асқа тийсе, мурны қанайды» деген. Реклама берсең арбаң ойға қарап жумалайды деп атыр еди. Басламай атырып қырынлап кетти ғо.

Бул қарыйдарым коррупциядан болып шықты. «Еки аўыз сөйлесемен де шығаман» деген заңғар, күн батыўға мейиллескенде, еки жүз шиферымды мутқа алып тынышланды.

— Қорықпа иним, қорықсаң жумыс ислей алмайсаң, — деди кетеринде ийнимнен қағып, — Өзим шаң жуқтырмайман.

Ертеңине үйден шықпай жатып алдым. Кеште телефон шыңғырлады.

— Рекламаны бересең де, өзиң жасырынып жатып аласаң-ә? — деди биреў ҳөктемсип. Алла барекелла! Тағы ким болды екен?

— Яқ, жасырынғаным жоқ. Сәл мазам болыңқырамай....

— Мазаң бола ма, игри жол менен мал тапсаң.

— Қандай игри жол? Ҳеш қандай игри жол менен мал тапқаным жоқ..

— Хабарымыз бар, азанда барлық ҳүжжетиңизди алып, салық басқармасына кел. Мен Бодықов боламан, 44-кабинет.

Бодықов барғаннан мүддәҳәсин айтағойса қәнекей. Яқ, майдалап тийисип кетти! Фирмам жумыс баслағалы салықты кемитип төлегенмен, айрымларын жасырғанман, жасалма ҳүжжет тапқанман, киятырған кварталға салық төлеўим керек емиш....

Қулласы, күн енкейгенде кеўлиндегисин айтып тынды. Елиў панер керек екен.

Үш күн өтпей атырып, рекламадан қашып қутыларға жер таппадым. Фирманың есигин ашпайман, үйде телефонды суўырып қойыппан. Сонда да есабын таўып

участка инспекторы он айна көз, прокурордың тергеўшиси отыз дана оргалит, судтың орынлаўшысы он сегиз дана домалақ ағаш алып кетти.

Дадымды кимге айтарымды билмей ар-сарым шықты. Усындайда жора-жолдастын бары жақсы. Тағы соларға жолықтым.

— Реклама бер! — деди олар.

— Өзим рекламадан күйип отырман ғо.

— Айтқанды қылабер, реклама бер

— Не деп?

— Фирмада зат жоқ, ҳеш нәрсе менен саўда-сатық ислемейди — деп дағазала.

Солай иследим. Басқа илажым не!

Айтқанындай, рекламада гәп көп екен. Қулағым тып-тыныш болағойды.

Енди өзимниң затларымды өзим сыбырлап сататуғын болдым. «Қурылыс буйымлары керек пе? Бир жерде бар, айтсаң таўып беремен. Тс-с»

*4. 12. 1998-жыл.*

## Ҳәмелден түскен қандай болады?

Ҳәмел гүрсиси жаман гүрси емес. Жаман болғанда адамлар жуўырмайды. Оған отырдың ба — қуўанып қоя бересең. Себеби, айтқаның айтқан, дегениң деген болады. Мереке-мейлисте орның төрден. Жасың киши болса да, аўқатты сен баслап бересең. Сен айтқан анекдотқа қызық болмаса да адамлар күледи, күлиўи шәрт! Сен айтқан гәпти олар «пәленше айтқандай» деп кирис сөз етип қосып сөйлейди. Қулласы, бирден ақыллы болып кетесең. Лекин, түсерлиги жаман бул гүрсиниң. Әсиресе, сырттан қарағанларға.

Бизиң баслығымыз, кимсең гүрлеп турған Дәлибай еди. Тресттегилерге жақпады ма, алпыс жастан бир күн өткермей галошын туўрылап қойды. Дем алысқа жиберди. Қыялымызға ол үлкен қапашылыққа дус келгендей еди. Әсиресе, босағанлығы ҳаққында буйрық келген күни орынбасардан баслап, сипсекешке дейин ҳәмминиң айтатуғыны тек баслық болды.

— Қыйын болды, еркек адамға алпыс жас-жас па? Бир күнниң ишинде болдырып қалғанын қара.

— Бурын со, шашының еки самайы ғана ақ емес пе еди, бүгин көрсем, ағы жарыдан аўыпты.

— Аўа, көзлери-әм шүңирейип кеткен.

— Маңлайын айтпайсаң ба; жыйрығы шиймақпалдай. Бурын пешанасы жарқыраған жигит еди ғо.

— Көзиниң асты, қабағының үсти-әм исейин деген, өзи, бөтекеси де аўыратуғын қусайды-аў.

— Ҳаў, өзи, ҳәмелден түскенде бирден бөтеке аўырады ғо.

— Кеўли хош адамның ети нық, жүзинен нур шашып турады. Баслықты бағана көрдим, бет-аўзы қалта-қалта, көзиниң нуры сөнип баратырғандай.

— Ал, жаңа мен кирип барсам, баслық тартпаларын жайратып, қағазларын жыртып атыр екен. Была-ай, қарасам, қулағы салбырап кеткенғой-әй.

— Бағана мен ведомостқа қол қойдырайын деп барып едим, — деди кассир. — Тура-турсын, ендиги баслық қояр, деди. Аяп кеттим, рәңки бөздей сарғайып кетипти.

Буннан кейин де ҳәр ким билгенин қосты. Баслықты азаннан бери көрмегенлер ҳәр түрли баҳана таўып, алдына кирип қайтты. Киргенлердиң ҳеш қайсысы оңдырып атырған жоқ.

— Көзлери сарғайып кеткен.

— Тап ауырыўдан турғандай-әй.

— Мойны қалта-қалта, буғағы салынып қалыпты.

— Галстуги де қыйсайып кеткен бе, дым жараспай тур.

Көпшилик аўған жақтан бир өзиң шетте қалсаң бир түрли болады екенсең. Ҳәммелер билген нәрсени сен билмейсең. Биреўи баслап, биреўи хошлап баратыр. Мен тым-тырыспан. Ақыры шыдамадым. Түстен кейин бир сылтаў таўып кирдим. Қарасам, баслықтың баяғы турысы. Болдырып қалған ҳештеңеси жоқ. Шашының ағы да қәдимгидей, көзлери-әм шүңиреймеген, қабағының асты-үсти де жайында. Маңлайында ондай қат-қабат жыйрық көринбейди.

Лекин, мен буны қалай дәлиллеп отыраман. Кирип шыққанымды көрген адамлар, мен үлкен бир жаңалық ашатуғындай аўзыма үңилип отыр, «Баслықтың баяғы турысы ғо, кәрине де келмеген» десем, меннен жаман адам жоқ. Себеби, ҳәммеси өтирик сөйлегендей, бир түрли болып қалады. Оннанша бәринен асып түским келди.

— Әй, усы бизиң баслық бурын ири жоталы жигит емес пе еди, — дедим кириўден.

— Аўа, ири болғанда қандай! Жаўырнына еки қалта ун жайғасатуғын еди ғо.

— Тап енди еки шекийне де жайғаспайды, — дедим. — Қуры сүлдер, костюмының еки ийни түсип кеткен. Барып-барып, иш қысталықтан өлип қалса да меннен көрмең.

Өзим айтқан гәпке өзим исенип кеттим бе, баслық көз алдыма дым аянышлы елеслеп кетти. Қулласы, сол күни кешке дейин жумыс ислеп жарытқанымыз жоқ. Қосығымыз — баслықтың азып-тозғаны. Кеште қайтып баратырғанда машинасына мингенине дейин гүзеттик. Қыялымызға шоферы да илажсыздан келгендей, машыны болса тозып қалған ба, пыр-пырлап, босаған баслықты жақтырмай, зорға мингизип баратырғандай көринди.

*9. 12. 1998-жыл.*

## Жақында қызық болады

Адам баласы ақыл-хушлы инсан болған соң, бәрқулла әрман менен жасайды. Жас болса үй болыўды әрман етеди, үй болса мал-дәскели, перзентли болыўды, перзентли болса оларды адам етиўди, қулласы, өмир бойына, тап түстен кейин дүньядан өтетуғынына көзи жетип турса да, түске дейин кеўлинде әрман турады. Лекин, оны гейде бала-шағасына, гейде жүдә бир өкпеге тақаған яр-досларына айтағоймаса, тәнҳа өзине аян нәрсе!

Бирақ, Айтан ағаның әрманы ондай емес. Оның әрманы мудамы тилиниң ушында. Әдетте адам әрман еткен ўақытта кеўилленип, өзин жеңил сезгендей болады, езиўинде сезилер-сезилмес күлки ойнайды. Айтан ағаның әрман етиўи пүткиллей басқаша. Ол мушларын гә түйип, гә жаздырып, аяғын басқанда полды ойып жибергендей салмақ пенен, тислерин сынып кететуғын дәрежеде шықырлатып әрман етеди.

— Еле көрерсиз, жақында қызық болады! — дейди әтирапындағыларға ызғарлы түрде.

Гәпиниң рәмәўзине қарағанда оның айтқан «қызығы» өзине пайдалы, бирақ, басқалардың ҳәммесине апат келтиретуғындай болып еситиледи.

Мен оның менен институтты питкерип келген жыллары кәсиплес болдым. Тап соннан ақыр-аяғына дейин. Ол жасы елиў беслерге келип қалған, шашлары жарыдан көп ақ, маңлайы қат-қабат жыйрық, жумыстан гөре кеўли басқа нәрселерге алағадалаў адам екен. Мени онша хош көриңкиремей қарсы алды.

— Бүйерге қалай келип қалдың? — деди бир күни

— Ҳеш, өзим... Жумыс сорап келдим, алды.

— Билемен ғо, тилиңниң астында не барын! — Айтан аға терис қарап бир заман турып алды. — Дүнья өзи усындай сумлыққа қурылып баратыр. Лекин, сумырайлардың тумсығып үкиге тығаман еле! Азымаз шыдай тур, қосшым, қызық болады.

Ол усыны айтады да сыртқа шығып кетеди, я бөлмениң ишинде аяқларын бир нәрсеге әшпенлилик пенен шыйырып басып, арман-берман жүреди.

— Аўа, қосшым, солай! Көрерсең еле, жақында тамаша болады, тамаша қыламан буларды!

Арадан үш-төрт күн өтип, баяғы сорағанын және умытып кетеди.

— Бүйерге қалай келип қалдың, қосшым?

— Ҳеш өзим... Жумыс сорап келдим, алды.

— Ҳи-м! Билемен ғо, бүйерде қандай гәп барын. Шашым бийкарға ағарып жүрме, маңлайдағы жыйрық тегиннен-тегин түсти деп отырсаң ба? О-ой, қосшым, бәринен хабарым бар, «азап бергенлерге ғазап берермен» деген, шыдап турабер еле, қызық қыламан буларды!

Жумысқа киргениме бир ай болмай атырып усы гәпти үш-төрт мәртебе еситтим. Өзимнен-өзим гүдикленейин дедим. «Мениң бүйерге өтиўимде қандай гәп бар екен? Баслық ағайним болмаса, жоқарыдан ҳеш ким тиреп турмаса, айлығым кеңседегилердиң ҳәммесинен аз болса... Айтан ағаға қос қоллап сәлем беремен. Соннан келген маған қарап тисиниң суўын сорып, баяғы қосығын баслайды».

— Сен жассаң, қосшым! Түсинбейсең! Лекин, түсиндиремен! Шыдап тура бер, әне сол ўақытта көресең тамашаны!

Күн санап күтетуғын әдетти шығардым. Қандай тамаша болар екен? Маған ба я басқаларға ма? Мен не ислеп үлгердим өйтип? Я баслықты отырған жеринде қолына кисен салып алып кетерме екен? Яки мәкемемиз жабылып қала ма? Бәлким, подволға аманалы қояйын деп жүрген шығар бул!

Қулласы, азаннан кешке дейин кеўлим қандайдур бир жаман хабарды күтеди, Кеште «үҳ-ҳ» деп демимди ишиме салып қайтаман. Азанда тағы Айтан ағаның күндеги қәўетерли хабарын күтип отыраман. Ол да мениң үмитимди пушқа шығармайды.

— Отырыпсаң ба, қосшым? — деп келеди сырттан. — Бул ағаң бийкарға кешигип жүрген жоқ. Шыдай тур, ҳәммеси орнына түседи, шамаласып турыпты, әне, сол ўақытта көресен қызықты.

Күнде мың мәрте еситип жүрген гәпим болса да, ақылым ҳайран. Не шамаласып турыпты, қандай қызық болады? Адам қызық нәрсени ынтығып күтеди ғо, лекин, бунның айтатуғын қызығы қәўетерли. Соннан келген бара-бара мен де күтетуғын болдым. Көрейик тә, қандай қызық болар екен? Бир байғус «қызық болады» деп үлкен үмит пенен жасап атыр ғо.

Бир күни түстен кейин Айтан аға қапының аўзында өзи қатарлы бир киси менен сөйлесип турған екен.

— Кеше жыйналыста сөйлеген сөзин еситтиң бе? — деди Айтан аға оған қарап. — Өңменине ништерди түйреп алғандай етти ғо. Енди изинен қалмайды, басланғаны-басланған. Тап көрерсең жақын арада болады қызық!

— Болсын!

Мен ишке кирип кеттим.

— Жаңағы ағаңды көрдиң бе? — деди ол сырттан кеўилли келип. — Әне, сондай он жигит болса, дүньяны дүп-дүзиў етиўге болады.

Ҳайран қаламан. Астапыралла! Бизлер жасап турған дүнья қыйсық па екен-әй!

— Зыяны жоқ, — деп ол бир заманнан изин даўам етеди. — Еле екеўимиз-ақ бираз нәрсени бежеремиз. Олар бизди қолынан келсе қурбан етип жибережақ, лекин, бизлер баш бермей жүрмиз, баш бермеймиз-әм! Мен еле олардың өзлерин табанымның астында женшемен. Әне, сонда көресең тамашаны!

Мениң түсиниўим қәте болмаса Айтан ағаның ҳәм жаңағы жорасының күшли душпанлары болса керек. Бәлким, солардан қорыққанынан тисленип жасай ма, билмеймен. Ҳәмме ўақытта қәҳәрли, әлле нәрселерге наразы, «үҳ-ҳ» десе аўзынан жалын лап ете қалады. Не дәрти бар екенин билгим келеди, бирақ сораўға тартынаман.

Кейин ала тийдириңкиреп гәп баслайтуғын болдым.

— Айтан аға, қызық болмай кетти ғо.

— Күлме қосшым! — дейди ол гижинип. Қырсық айтқанды биледи, бирақ, гәп басланған ўақытта оны бос жибергиси келмейди. — Сен еле жасаўдың мәнисин билмейсең. Бәлким, билмей-әм өтип кетерсең. Лекин, мен ҳәмме нәрсени орынлы-орнына қояман. Дүзетемен дүньяны қосшым! Шыдап тура тур, еле булар қызық болады.

Бийшараның мийнетин берип, қызық болағойса жақсы еди. Күннен күнге тораңғылдың гүзги жапырағындай сарғайып баратырған жүзин көрип, аяйтуғын болдым. Мейли, усының-ақ кеўлиндеги питсин. Болсын қызық! Кейин қоймаспа екен? Әйтеўир, ақырзаман болып, аспан жерге үзилип түспес.

Бир күни сипсекеш ҳаял келип есик бетте турып қалды. Билдим, темекиниң алан-бурқан түтини жақпады. Жаңарақта Айтан ағаның тағы бир жорасы келип, үсти-үстине үш-төрт темеки шегип, кеңсени алан-бурқан етип кеткен еди. Екеўи қулы-переӊ болып «дүньяны дүзетейин» деп атырған соң, мен де үндемедим.

— Айтан аға, айнаңызды ашып-әм қоймайсыз-аў, жайыңыздың иши бықсып кетипти ғо, — деди келиншек.

— Ой-бу, қарағым-аў, бул дүньяның өзи бықсып атыр ғо, — деди Айтан аға орнынан турып. — Усыны дүзетемен деп, орынлы-орнына қояман деп қара жүйкем қурыды ғо.

— Бир өзиңиз шырлай берип не қыласыз?

— Я-яқ, өйдеме келин! Бир өзим болған менен мен, миллион адамға татыйман. Себеби, мен Айтанман ғо! Азымаз шыда қарағым, еле изи тамаша болады.

Адам кеўлиндеги дәртген узақ ўақыт қутыла алмаса, жинлиниң бержағы болатуғын қусайды. Айтан аға да соның өзи. Ойлаўымша буған кимлердур қастыяншылық еткен, еле де етип жүрген. Олар көп, бул жалғыз сыяқлы. Гүреседи, күши жетпейди, тек үмит етеди. Ишинен гүбирленеди. Түсинде көрип шығады, ишиндеги хәўирин шығарыў ушын курттай аўхал сорасыўға ыңғайласқан адамға, дәртин төгип салады. Бирақ, не дәрт екенин өзи билмесе, хеш ким түсинбейди.

— Шыдап турың еле, жақында қызық болады!

Ол не қызық, қашан болады, қәйтип болады — жумбақ.

Түсликке кетер алдында, күнде десем лап, тез-тез айнадан сыртқа қарайды да мушын түйип гижинеди. Соң мени қасына шақырады.

— Аналарды көрдиң бе?

— Нени?

— Жеңил машиналарды.

— Көрдим.

— Жақында булардың ийелериниң бәрин «ат ағашқа» мингиземен. Әне, сонда көресең тамашаны!

Жүрегим суў ете қалады. Ойерде жигирмалаған машын турады. Олардың ийелериниң бәрин «ат ағашқа» мингизсе үлкен апатшылық ғой. Билемен, түстеги автобустың тығылысы Айтан ағаның жүрегине түсип тур.

Гүздиң аяғына таман баслық бизиң жайымызға келди.

— Ақмақ! Буның ийнинде турған бас емес — суў қабақ! — деди Айтан аға ол кеткеннен кейин. — Жүрисин көрдиң бе, аяқ басыўында басқаша бир лийкин бир. Еле ләң етемен ол аяқларды! Әне, сонда болады қызық!

Бир күни Айтан аға сырттан қуўанышлы түрде кирип келди. Бирге ислесип атырғанымызға төрт жылға шамаласып еди. Усы ўақыт ишинде оның бүгингидей қуўаныўын биринши көриўим. Оны қаланың ҳәкими қабыллаўға шақыртқан екен. Арзасы болса керек. Шақыртқан ўақтына еле еки күн бар еди. Сол еки күн өткенше Айтан ағаның мақтайтуғыны тек қаланың ҳәкими болды.

— Сен ҳәкимниң өзин көрдиң бе? — деди маған.

— Яқ.

— Пешанасы кең жигит! Өзи айбатлы, еки ийнинде еки жолбарыс отырғандай.

— Қой-әй?!

— Аўа! Бул жигит және, уўызында тойған жигит. Аш көз емес. Халықтың несийбесине көз алартпайды. Усы ҳәким келгели қала-қала қусап қалды ғо.

Турып-турып тағы баслайды.

— Ол сөйлеген жыйналысларға қатнасып көрдиң бе?

— Яқ.

— Көриўиң керек. Оның сөзлери шақмақтың тасындай! Ириден туўрап, бир айтады.

Қайтарда және:

— Ел-ел болайын десе, басшысы ер болады. Буның ата тегинде бар, қосшым. Әкеси Қыдыр көрген адам.

Я алла, заман оңына айланып киятыр ма, Айтан аға — Айтан аға болғалы-аўзынан бундай жақсы гәп шығып көрмеген екен. Оны жаслайынан билетуғынлар усыны айтып ҳайран қалып атыр. Бир-еки күннен бери «жақында қызық болады» дегенди де қойды. Енди алла инсап берип, ертеңги қабыллаўда ҳәким буның кеўлинен шығағойса не жақсы. Қайда саған! Азанда қабыллаўға кеткен Айтан аға, сәске болмай-ақ тас-талқаны шығып келди.

— Усы қала ма! — деди келиўден айнадан сыртты көрсетип. — Азанлы-кеш қоланса сасыйды. Бахты ашылмаған қала бул! Шығынды таслайтуғын ураның өзи! Басқа ҳеш нәрсе емес! Ҳәкими уры, соты парахор, милийсасы гәззап... Еле көрсетемен мен! Мениң менен ойнайды-аў! Мен әнейи адам емеспен ғо. — Айтаман ғо! Шыдап тура берсин еле, тамаша қыламан!

Басына мүсийбет түскен адамға қәйтип тәселле берерин билмеген кимседей, ләм-лим дей алмадым.

Усылай етип, еки күн тыныспадан кейин қайтадан күнде «қызық болатуғын» болып кетти. Айтыўы ырас болса, Айтан аға ҳәкимниң «галошын туўрылап қойған», тек кийгизип жибереди — болғаны, кейин бержағындағыларға тийисетуғын қусайды,

— Усы базар-базар ма? — деди бир күни қаланың тусына келгенде. Гейде оның менен бирге қайтатуғын ўақытларымыз болатуғын еди. — Гилең уры-гәззаптың мәканы бул. Буны еле базар емес, мазар қыламан. Әне, сонда көресең қызықты!

Жол бойы бассейнниң үстинен өтемиз.

— Бассейн не теңиң?! — дейди Айтан аға тисленип. — Басқа жағың келисип тур ма? Ләгенге шомыл! Бунның астарында бир гәп болыўы керек, қойып тура бер, Айтанның тарпыўына түссең еле сен-әм қызық боласаң!

Усылай етип универсал дүканын, супермаркетти, стадионды, дослық қыябанын, ушып баратырған вертолетты «жақында қызық қылыўға» ант етип сөккенлериниң гуўасы болдым.

Арадан жыллар өтти. «Қызық болады» деп жүрип-ақ Айтан аға алпысқа шығып қалыпты. Бир күни оны дем алысқа шығаратуғын болды.

— Кетпеймен дем алысқа! — деп турып алды ол.

— Неге!

— Болғаны сол, кетпеймен.

— Ақыры, алпыста пенсия ғой.

— Ким соны айтып жүрген?

— Нызамда айтылған.

— Нызам - мына мен. Мениң дийдимнен шықпаған нызамлар, көрерсең еле, қызық болады!

Қулласы, ҳеш ким оны пенсияға шығара алмады. Оның менен және үш жыл бир жайда отырып мен, сегиз жып отырып Зилийха, алты жыл отырып Таңатар «жақында қызық болыўын» күттик.

Күнлердин бир күнинде ең ақырғы қызыққа ноқат қойылды. Айтан аға «еле көрерсиз, жақында...» деп атырған ўақтында бирден кеңседе жан тәслим етти.

Мерекесине ҳәмме бардық. Ҳеш ким оның «жақында қызық боладысын» тилге баспады.

— Бийшара, жақсы адам еди, — дести де қойды.

Енди бейитти алып шығады деген ўақытлары ғалаўыт пайда болды.

— Молла қайда?

— Молланы шақыр!

— Молланы алып келиң!

Отырған жеринен молла келди.

— Тақсыр, биз денени жуўып атыр едик, - деди сүйекке енген ғаррылардың биреўи — мархумның көкирегинде көк сыя менен ойып жазылған «жақында қызық болады» деген жазыў бар екен. Кесип алып тасламасақ, кетире алмадық.

— Бийшара ғаррым-аў, — деди еситип турған кемпири. — Әскерликке барғанда жаздырып келип еди оны. Ҳәр күни азанда көйлегин киймей турып айнаға қарап,

соны оқып турып баладай қуўанатуғын еди-аў.

— Мархумның етинен ет кеспең, — деди молла сүйекшилерге. — Солай көме беремиз, алланың өзи кеширсин. Денесиниң бир қыйқымы да топырақтан тысқары қалмаўы керек.

Солай етип, Айтан ағаның көкирегиндеги «жақында қызық болады» деген жазыў өзи менен бирге анаяққа кетти.

*3. 01. 1999-жыл.*

## Денгене ҳаққында нызам

Биз мына, XX әсирде туўылғанлар әйтеўир жөн алды қарабарақ жалай берген екенбиз-ғо. Жасаўдың өзи нызамлықлары болады екен. Соған сүйенип ис тутсаң, турмысың пәрәўан кешетуғын қусайды.

Жақында мен, ойланып-ойланып, денгене ҳаққында нызам ислеп шықтым. Соны сизлердиң дыққатынызға усынбақшыман.

Денгене өтер-өтпес пышақ пенен сойылады.

Денгене етилетуғын малдың аяғы төртеў болыўы тийис.

Денгенени бәләәт жасынан өткен, қатыны бар еркек адам сояды.

Сойылатуғын малдың басын қублаға қаратып, өлетуғынын өзине айтпай, алдап жығыў керек. Жәниўарға ҳазар бермеў ушын, малдың аяғы былқылдақ трико менен яки ширик жип пенен байланады.

Баўызлаў қанын жуўатуғын бир қуман суўды ҳүкимет береди.

Денгене болып атырған жерге қассаптың ийтинен басқа ҳеш қандай жанлы-жәниўар киргизилмейди.

Егер ийеси жоқ малды денгене етиўге туўры келип қалса сол жердиң макан кеңесине қараслы милиционерди бир жиликке мутлай жазып қойыў керек.

Сойылған гөштиң пулын териге салыў қадаған етиледи. Ол ҳәр аванста үзип-жулып жыйналыўы тийис. Егер айлық банктен кешигип берилсе, оны ийисленип кеткен гөш пенен тең санап, кейингилерин алмай кетиўге ҳақылы.

Денгене болып атырған малдың басы он екиге бөлинбейди. Орталықтан оның маңлайын бир-еки жерден қайтып келген келиншеклерге, қулағын қоңсы кемпирге, тилин бийҳая қатынларға, көзин милийсаға, танаўын дикторларға бериў тийис.

Мал ийеси гөш жиликленбестен алдын жуқа жерлеринен қуўырдақ етип, справка берген аўыл кеңести, докторды ҳәм усы нызамды ислеп шыққан мени шақырып жибериўге миннетли.

Усы нызам жәрияланған күннен баслап денгене сойылып атырған жерлерде күшине киреди ҳәм үлесип болған соң пәсейеди.

*31.08. 1993-жыл.*

## Ақыллы бөдене (ертек)

Тоғайлар патшасы Арыслан, бир күни алдына Айыўды шақырып алыпты.

— Усы қараған тоғайлардың бирине төрелик етесиз, — депти оған.

— Әпиў етесиз, мен төре бола алмайман, — депти Айыў.

— Неге?

— Себеплери бар.

— Айтың себеплерин!

— Тақаллусин сорамасаңыз айтайын, — депти Айыў басын ийип. Арыслан патшалық тахтының дөгерегинде арман-берман жүрипти де:

— Мейли, айтың — депти қәҳәр менен.

— Төре бола алмаслығымның биринши себеби, ҳаялымның пейли-ықпалы буған сәйкес келмейди.

— Болғаны ма?

— Яқ. Екинши себеби — тоғайымыздың қәўли-қағыйдаларын ҳүрмет қыламан.

— Хош?

— Үшинши себеби — мениң үрим-путақларым көп.

— Тағы қандай себеплериңиз бар?

— Ең кейинги себебим, — ден саўлығым жақсы.

Тоғайлар патшасы Айыўға руқсат берип жиберипти де, сол заматтың өзинде барлық ақылгөйлерин алдына шақырыпты. Ақылгөйлери узақ ойласыпты, лекин, Айыў айтқан бахананың мәнисин түсиндире алмапты.

— Бизиң мәсләҳәтимизден шетте қалған ким бар? — депти Арыслан қәҳәрленип.

— Тақсыр, бир қасық қанымнан кешсеңиз айтаман, — депти Түлки еки бүгилип.

— Айт!

— Гөҳиқап таўының етегинде қырық жыллық ғарры жигилдик бар. Соның түбинде Сарышунақ деген ғарры бөдене жасайды. Бул гәптиң тақаллусин бир айтса сол айта алады.

Арыслан көзди ашып-жумғанша Гөҳиқап таўының етегиндеги Сарышунақ бөденени алдырыпты.

— Айыў айтқан гәптиң тақаллусин бәлким сен түсиндирип берерсең! — депти Арыслан.

— Әжеп болады, патшайым! — депти Бөдене тәжим етип, — Лекин, еки шәртим бар.

— Ол қандай шәрт?

— Мен бул гәптиң тақаллусин тәнҳә өзиңизге айтаман. Екинши шәртим набада мениң гәпим кеўлиңизге мәлел келтирсе, бир қасық қанымнан кешиң.

Арыслан оған сөз берипти.

— Айыў төрениң — ҳаялымның пейли-ықпалы сәйкес келмейди, — дегени, «ҳаялымның, қолы таза, ол ҳеш кимнен ҳеш нәрсе алмайды. Ол ҳеш нәрсе алмаса, мен сизге беретуғынымды қаяқтан таўаман?» дегени.

— Хош, екинши себебиниң тақаллуси не?

— Тоғайымыздың қәўли-қағыйдаларын ҳүрмет қыламан, — дегени төрелер бар жерде қәўли-қағыйда бузылмай турмайды, мени ол жолға ийтермең дегени болады тақсыр!

— Үшиншисин айт.

— Мениң үрим-путақларым көп, депти Айыў. Бул демеклик — қашан болмасын бир күн мен сизге жақпай қалыўым турған гәп. Сонда мен себепли барлық үрим-путақларым жазықсыздан жәбир шегеди, дегени болады.

— Төртиншиси?

— Айыў төрениң «ден саўлығым жақсы» дегени, ҳәзир ол ҳеш нәрседен алағадасыз жасап атыр. Бийик мансапқа көтерилгеннен кейин ҳәмме оған ҳүрмет етеди, лекин, ертең түскен ўақтында алдындағы табағына қоян дәрет сындырып кетиўи мүмкин. Сол хорлыққа шыдай алмай, қәстеге гириптар боларман, дегени екен.

— Бәрекелла, бөденежан, — депти Арыслан рийза болып. — Туўры айттың, кишкене болсаң да мәрт екенсең, лекин енди өзиңниң қойған шәртиңниң мәнисин айт, не ушын буның тақаллусин тәнҳә өзиңе айтаман дедиң? Мениң менен жекпе-жек қалыўға қорықпадың ба?

Бөдене албырамастан жуўап берипти.

— Буның тақаллусин тәнҳә өзиңизге айтаман деўимниң мәниси — сиз Айыў айтқан ҳақыйқаттың бәрин мойынладыңыз, буны ҳәмме көргенде абырайыңыз түсер еди. Екиншиден, сиз бенен жекпе-жек қалыўға қорықпаўымның мәниси — Арыслан Бөденени жеп қойыпты деген ат, сизге мүнәсип болмайтуғынын түсинер деп исендим. Арыслан Бөдене айтқан төреликке жүдә рийза болыпты, ҳәм оны бир күн мийман етип, кейин өз уясына апарып таслатыпты.

*7. 01. 1994-жыл*

## «Шонтық шайыр» ушын монолог (1997-жылдың жаңа жылына арнап жазылды)

Ағайинлер, хабарыңыз бар, бир-еки жылдан бери мениң абырайым ямана өсип кетти ғо. Автобусқа минсем кондуктор пул алмайды, қалаға барсам насыбайпурышлар еки атым насыбайға дейин ешейин береди. «Шонтық шайыр, ата ғо, илҳам келер» дейди. Ешейин болғаннан кейин адам атлап өте алмайды екенсең-әй! Мына қымбатшылықта ол-әм аўқатқа сеп болатуғын шығар деп, атып жүрмен. Жартысы ишиме де кетеди. Мут болғаны соң не зыяны бар оның!

Енди мениң усы абырайымды шонтық емеспен деп жүрген ырас шайырлар қызғанатуғын қусайды. Жүрген жерде мени гәп етеди дейди. Үйдеги қатын айтып келеди-аў! Көре алмайды дә! Мениң болса абырайым өсип баратыр. О-о бир жағы Саранша, бир жағы Саманбай, тап қум аўылға дейин кетти ә, аэропорттың астындағы соны қызғанады. Үстимнен жазайын десе баяғы СССР жоқ, оның үстине қағаз-әм жоғ-аў, шалғайына жаза ма? Әй, яқшы, дедим, мен-әм буларды оқып көрейин деп, үйде сатып алып, бетин ашпай қойған китапларымды қарасам,

масқарашылық. Мынаң қараң:

*Қаратаўдың төбесине шығып қара бир,*

*Гүл қыстырып шекесине қызлар баратыр!*

Пах, қосық болғанына! Адамлар қызлардың шекесиндеги гүлди көремен деп Қара таўға минип жүре ме? Оннанша жерде қасына барып сораганда не қылады:

«Айнанайын, мына шекеңдеги гүлди қәйерден алдың, дачадан урладың ба, я теплицадан ба?» Өзи сирә дә сатып алмайды, қымбат. Соны ойланбай жазады дә! Қаратаўдың төбесине минер миш! Ҳим! Өзим екинши этаждағы үйиме шығыўға еринип, төмендеги байы жоқ қатынның үйинен, шай ишип қайтаман. Қара таў деген қайда.

Тағы бир қосыққа қараң:

*Суў бойында турғанымда,*

*Қосық айтып жаңлатқан!*

Пай жаңлатқан екен-ә! Қудықтың қасынан өтеғойыпты дә!

*Сап дүзисип жаўынгерлер*

*Өте берди тусымнан*

*Сол қатардан шығып жигит,*

*Келди, мениң қасыма!*

Қараса! Армияның қарасын көрмеген еркек адам жазған! Қатардан шығып көр, рә-әс, командир нәл қағылған гарзовой менен еки жамбастың ортасына илдирсин! Бабасырың далаға шығып кетпесе маған кел.

Жаңағы жигит сөйтип шелектен аўзын басып суў ишипти. Сөйтип жөнине кете берсе болады ғо, о, қудайдан тапқыр! «Қулағына тепкен» бизиң аўылдағы қыздың:

*Суўың қандай палдан татлы!*

Суў өмирде де палдан мазалы болмайды! Инанбасаңыз мына Дәрбент колхозының адамларынан сорап көриң, пал ҳәрре бағатуғын.

*Суўың қандай палдан татлы,*

*Ишип мийрим қанды мениң,*

*Мөлдиреген қара көзиң,*

*Жүрегимнен алды орын.*

О, жүрегиңе талма кесел келгир! Қыз-әм жүдә өтпей отырған ғарры қыз болыўы керек. Жаңағы сөзге-ақ ерип кетип, жырбаң етип қалтасынан орамал шығарып береди. Оннан-әм жақсырақ сөз айтқанда не қылар еди! Айым, күним, сулыўым, гүлим десе-я! Онда былбырап босасыйып, шалқасына таслайды екен дә!

*Орамалды алды дағы,*

*Қарап нағыс кестесине,*

*Бул дослықтың болсын шәрти,*

*Деп хошласты кетеринде.*

Пах, дос екен-ә! Қыз бенен жигиттиң арасында дослықтың қандай болатуғынын билесиз ғой, о-о изи тамаша болады.

Әне, ырас шайырман деп жүргенлердиң қосығы.

Соларды оқып отырып күйип кеттим ғо, жыртып- жыртып таслайын деп турсам тағы бир қосық алдымнан шығып тур. «Мен де соны күткен соң», Ҳе, сеннен басқа тағы ким күтиў керек? Керек болса күте бер. Я усы отырған бәримиз барып күтип турайық па? Ендиги қатарларына қараса: Қыз теңиздиң бойына барған дә!

*Сол ўақытта бир мотор*

*Тоқтады келип тусыма, дейди*

бир гүжирейген домалақ мотор, патыр-патыр етип келийип, қыздың қасына келип пыш-пыш-пыш деп өшип тоқтай қойған.

*Мотордан шығып бир жигит*

*Келе берди қасыма*

Қараң, мотордан шыққан! Қайсы поршенниң арасынан шықты екен! Қып-қызыл болып шыққан шығар-ә!

Бул-әм келип қыздың «қулағына теўеди», бурын-әм теўип жүрген. Кейин айтады, давай моторға минип покатаемся! Бул-әм сорқайнаған зорға турған екен, сәккирип моторға минип алады.

*Дәрҳал миндим моторға*

*Менде соны күткен соң,*

дейди.

Қайнап турған моторға минип алады екеўи, ўәй-ўәй, еки жамбасы шашлик болған шығар-ә.

Әне, усындай, ырас шайырман деп жүргенлердиң қосығы! Ә, қолыңнан келмесе қойдә! Қосықты бизлер жазамыз, бизлер! Ҳим, мәселен:

*Быйыл қар дурыслап жаўмай қалды,*

*Қатын азанда сыйырды саўмай қалды,*

*Елиўге шыққанда балалы болып-ем,*

*Ол-әм қоңсыдан аўмай қалды.*

*Күннен-күнге қымбатлайды газимиз,*

*Соннан кейин қаяқтан болсын ҳәзимиз,*

*Я ортаға пысқытып жыңғыл жағып,*

*Дөгереклеп отырайық па бәримиз?*

*Бул не, десең аўзыңа былш еттирип «базар» дейди,*

*Пулың жетпесе қаладан затты аз ал дейди,*

*Жүўернемек балалар буны түсине ме,*

*Папа, сникерс деген шоколад «мазалы» дейди.*

*Свет-әм күнде турады жыпылықлап,*

*Электросетке жалынамыз қыпылықлап,*

*Тақыятаста мазут жоқ, газ жоқ дейди,*

*Әйтеўир гилең сондай сыпырық гәп.*

*Дослар, не болса да жаңа жыл қутлы болсын,*

*Сыйыры жоқтың ешкиси сүтли болсын,*

*Дастүрханыңыз мудамы тойға жайылып,*

*Бәриңиздиң ҳаялың жүкли болсын.*

## Ойын

Бул дүньяның өзи ойын. Биз — жер жүзинде қыбырлаған жанның ҳәммеси ойнап жүрмиз. Лекин, кимниң қәйтип ойнаўында...

Сәдиўақас исимли достымыздың абырайлы бир кимседен ярым миллион қарыздар болып қалғанын еситтим. Абырайлы адам оған қарызын санаўлы күнлер ишинде таўып бериўин, болмаса «көресини көрсететуғынын» айтқан қусайды. Бардым.

— Аўҳал шатақ! — деди Сәдиўақас қабағы салыпып. — Сондай да сондай... қарыздар болып қалдым. Жигирма күн мәўлет берди. Усы мәўлет ишинде бир сомын кемис қылып берсем, жигирма биринши күни дегенде қаматажақ.

— Енди не қылып атырсаң?

— Ақылым ҳайран.

— Азы-кем бир нәрсе таўып бере алдың ба?

— Бүгин жүз мың тапсырдым.

— Кейни бар ма?

— Жоқ.

— Енди не қыласаң?

— Билмеймен.

— Өсими менен қарыз сорап көрмедиң бе?

— Кимнен?

— Ҳәр ким-ҳәр кимнен.

— Ҳеш кимнен табылмай атыр.

Сәдиўақас узақ ўақыт үнсиз отырды

— Сен таўып бере алмайсаң ба? — деди соң маған үмит пенен қарап.

Мен бирден ҳеш нәрсе демедим. Лекин, келептиң ушын тапқандай едим.

— Қәйдам, сорастырып көриў керек, — дедим соң.

Ол меннен үлкен үмит күтип, жалтақ-жалтақ қарай берди.

— Егер табылғандай болса неше процент өсими менен алыўың мүмкин?

— Жигирма процент пенен алсам бола ма?

— Ҳәзир жигирмаға ҳеш ким буқпайды.

— Болмаса неше?

— Отыз десең ойланып көриўи мүмкин.

— Мейли, отыз десе-отыз. Мынадан қутылсам илажы болар.

Мен ойшаң түрде бираз отырдым.

— Яқшы, ертең кеште хабарын берермен, биреўлер бар қусаған еди.

Сәдиўақас мени шарбақтан шыққанша қайта-қайта рахмет айтып гүзетип салды. Қудаға шүкир, ойын — мен дүзген режеге сәйкес даўам етип киятыр. Ол қарыздар болған кимсени мен жақсы таныйтуғын едим. Оған тийкарында ҳәзир ярым миллионның зәрүрлиги де жоқ, лекин, биреўде ҳақысын жиберип, пәнт жеп жүретуғын қыйлынан емес. Оның зейнине тийсең басыңа «шопанның таяғына сүйкенген ешкиниң» күни туўады.

Сәкендикинен шығып туп-туўры оныкине келдим. Ол ақсақал мени жақсы күтип алды.

— Ал, ақсақал, мен сизге қатты қысыныспа менен келип турман, — дедим руўхым түсип.

— Не қысыныспа?

— Бир-еки күн ишинде бес жүз мың сом ақша керек болып қалды!

Пулдың кириси менен шығысының есабын умытқан бундай адамлар «неге зәрүр болды» деп сорамайды. Лекин:

— Ҳәзир ол қурақым ақша жоқ ғой, — деди маған.

Мен үндемей бираз отырдым. Бундайда жөнсиз жалына бергеннен, изин күткен абзал.

— Биреўде аласы бес жүз мыңым бар еди, — деди ол бир ўақытта.

— Бирақ, ҳәзирше таўып бере алмай тур. Бүгин тек жүз мыңын ғана әкелип берди.

— Тап соны берип тур аға! Мен сизге еки айдан кейин жигирма процент өсими менен қайтып беремен. Қалған төрт жүз мыңды да әкелсе маған беребер, қуда қәлесе өсими менен аласыз.

Ақсақал иштен пакетке салынған он пачка жүзликти әкелип берди.

— Ҳәзирше усыны алып тур. Ертеңниң арғы күни тағы жүз мың әкелиўи керек, мойнына қойып жибердим.

Ертеңине Сәдиўақастың өзи тапсырған жүз мыңды басқа пакетке салып алып бардым. Көзи жарқ ете қалды.

— Берекет тап жора. Күни ертең жүз мың апарыўым керек еди.

— Кеңседе бирге ислейтуғын жигиттиң инисинен зорға алдым, — дедим оған. — Бир айдан кейин отыз процент өсими менен қайтып бересең. Соған қайыл болсаң — бир-еки күннен тағы жүз мың таўып беремен, деди.

— Қайылман.

Сәдиўақас қуўана-қуўана жүз мынды алып қалды. Ертеңине ол сол ақшаны сепситпестен қарыз ийесине алып барды. Оның ертеңине мен оннан алып кетип Сәдиўақасқа қайтарып апарып бердим. Усылай етип жигирма күн ишинде жүз мың сом ақша бес мәрте айланды. Мен сол дәслепки Сәдиўақастың жүз мыңын жигирма процент пенен алып, өзине қайтарып отыз процент пенен сатып отырдым.

Нәтийжеде Сәдиўақас қарызынан қутылды, мен үстиндеги он проценттен елли мың сом пайда көретуғын болдым. Лекин, енди ол абырайлы ақсақалдан мен қарыздар болып қалған едим. Сәдиўақастың болса маған таўып бергендей шамасы жоқ.

— Жоражан, сол танысыңа айт, және бир ай мәўлетти созып турсын, — деп жалынды ол.

— Илажы жоқ, — дедим оған. — Сен ушын араға түсемен деп отқа жанып қалдым.

— Енди қәйтемен? Болмаса сондай өсими менен қарыз беретуғын адам таўып бер.

Ырасын айтқанда мен дүзген «ойын» ның режесине муўапық усы гәп айтылыўы керек еди. Таўып бердим. Ендиги ақшалар ол адамнан Сәдиўақасқа, Сәдиўақастан маған, меннен баяғы абырайлы ақсақалға қолма-қол өтип турды. Бул иреттеги өзимниң үлесимди бес процент етип ғана белгиледим. Себеби, әсте-ақырын енди кейин шегиниўим керек еди. Солай етип, Сәдиўақас мендеги қарызынан, мен ақсақалдағы қарызымнан қутылдым. Әдепки елли мың ҳәм кейинги жигирма бес мың пайда енди нақма-нақ қалтама түсти.

Дүньяның изиңен көп қуўа бериўге болмайды. «Қәнәәтке-берекет» деген. Ойынның түрин өзгертип турыў керек. Жетпис бес мыңнан кейин Сәдиўақасқа әсте жағдай айттым да, ойыннан шықтым.

Жақында ол жайын ҳәм меншик машинасын сатыпты деп еситтим. Лекин, барғаным жоқ. Тым-тырыс, еситпегендей жүре бердим. Себеби, суўға шүмип баратырған адамға қол бериўге болмайды, тартып кетеди. Қала берди, ол шүмип баратырғанда мен оның ийнине бир-еки гербиш қойып жибергенмен.

*14. 10. 1997-жыл*

## Көрмейди

Министрге бурынлары «жеп қойды, ишип қойды, бақырды, сөкти, жумыстан шығарды» дегенге усаған шағым арзалар көп келип түсетуғын еди. Лекин, Турдыевтың үстинен жазылған кейинги арза пүткиллей басқаша болып шықты.

Ҳүрметли Министр! Директорымыз Турдыевтың көриў қәбилети соңғы ўақытлары жүдә пәсейип кетти. Бул барыста биротала ләкет болып қалыўы мүмкин. Абынып жығылмастан бурын оны жумыстан алыўыңызды сораймыз...

Арзаның изине алпыс адам қол қойған. Министр ҳайран болды. Турдыев жақында ғана жыйналысқа келип кетип еди. Көзи қызарып я гиреў тартып турғанын көрген жоқ. Демниң арасында не болыўы мүмкин.

Министр ертеңине Турдыевты алдына шақырып алды. Баяғы турысы. Көзинде ҳеш нәрсе жоқ, жайнап-ақ тур. Сонда да тексерип көрген мақул.

— Мына қарарды оқып таныс, — деди оны алдына отырғызып. Соң оны көз астынан бақлап отырды. Турдыев қарарды қол ушына услап турып-ақ көз жуўыртып шықты. Әп-әнедей.

Министр арза ҳаққында ҳеш нәрсе айтпастан, жумысларын сорастырған болып қайтарды. Түстен кейин көз емлеўханасында ислейтуғын хирург достын шақырып, болдық жай жағдайды айтты.

— Көзинде көк суў жоқ па екен? — деп сорады досты оннан.

— Билмедим, сынаў ушын мына қағазды оқытып көрип едим, демде зуўлатып шықты.

— Қанша аралықта оқыды?

— Қол ушында услап турып-ақ оқыды.

— Шығанағын бүкти ме, бүкпеди ме?

— Азғантай бүккендей болды.

— Онда ең кеминде ярым метр аралық бар ғой?

— Бар шығар.

— Түсиникли. Демек, ол жақыннан көрмейди дә, алыстан көретуғын болған.

— Оның басшылыққа не зыяны болыўы мүмкин?

— Болмай не қылады? Мәселен қараўындағы бир хызметкери қасына келип сәлем берди дейик, Турдыев оның созып турған қолын көрмейди. Кейнинен ары келген, жазған.

Министр қандай шешимге келерин билмей ақыры «жабыўлы қазанды» жабыўлы түринде қалдырды. Арадан еки ай өтип еди, тағы Турдыевтың үстинен арза келди.

«Директорымыз Турдыевтың көриў қәбилети соңғы ўақытлары оғада пәсейип кетти. Ҳәтте қапталынан өтип баратырған адамды көрмейди. Бахытсызлыққа дуўшар болмай турып, жумыстан босатыўыңызды сораймыз».

Тағы сол жәмәәт. Алпыс адам қол қойған. Министрдиң ақылы лал. Турдыевты шақырды. Қараса ҳештеңеси жоқ. Көзлери жайнап-ақ тур. Ямаса қапталындағыны көрмейме екен? Арзада жазылыўы солай. Министр оған «Көзиңниң көриўи әззи ме?» деп сораўға тартынды. Өтирик болса не жақсы! Соннан ырас болса маңлайына урғандай болады. Дүньяда кемис адамға кемислигин айтқаннан жаманы жоқ.

Күтилмегенде айнаның алдынан бир қус пыр-р етип ушып өтти.

— Неўе жаңағы? — деди министр пайыттан пайдаланып.

— Кептер ғой.

— Қандай кептер?

— Ҳаўада ойнайтуғын-ақ кептер. Жақын жерден балалар ушырып турған болыўы керек.

Ырасын айтсақ онын ақ кептер екенин министрдиң ози де абайлаған жоқ еди. Турдыев оны көзиниң қыйығы менен-ақ қалай көрип қалғанына ҳайран қалды.

Түстен кейин ол хирург достына қоңыраў етти.

— Турдыев айнаға қайсы капталы менен қарап отырып еди? — деп сорады хирург министрден.

— Оң капталы менен.

— Демек, шеп капталындағы көзи дурыслы көрмейтуғын болыўы керек.

— Буның енди басшылыққа не зыяны бар?

— Неге зыяны жоқ? Мәселен Турдыев кабинетте жыйналыс ашып отыр дейик, ол оң жағындағы адамларды мақтап хошаметлеп айтқан сөзлерин мақуллатып отырыўы мүмкин. Буған шеп капталында отырғанлардың ары келмейме? Келеди! Намысқа шыдамай жазған.

Министр бул ретте де Турдыевтың көриў қәбилети ҳаққында белгили бир тоқтамға келе алмай, тым-тырыс қойыўға мәжбүр болды.

Арадан үш ай өтти. Турдыевтың үстинен тағы арза.

«Директордын көриў қәбилети биротала пәсейип баратыр. Мурныһың астындағыны көрмейди. Сәл жерде жарға қулап кетпей турып жумыстан босатыўыңызды сораймыз...»

Ҳәр түрли баҳана менен Турдыевты тағы алдына шақырып сынап көрди. Бәлеси жоқ. Мурнының асты түўе ийегиниң астындағыны көреди.

Нәйлаж бул арзаны да бастырып қоя берди. Арадан бир ай өтип еди, тағы арза.

«Директорымыз биротала сыйпаланып қалды. Қолына услаған нәрсесин де көрмейди».

Министр ақыры Турдыевтың мәкемесине барыўға мәжбүр болды. Барса Турдыев ханнан қәперсиз, кесаға бир жапырақ лимон таслап, көк шайды нәшесине келтирип ишип отыр.

Министрдиң ғәзеби келди. Адамларды жыйнатты.

— Ҳүрметли жәмәәт — деди ол жыйналғанларға қәҳәрли даўыс пенен — Өзлериңиз билесиз, ҳәзир ҳәмме «ўақыт бул ақша» деген түсиникке өтти. Бир саат ўақытты босқа жибериў — бул мәкемеге бир миллион зыян берген менен барабар. Лекин, сизиң жәмәәтиңиз де кимлердур өтирик арза жазып, қымбатлы ўақытымызды алып жүр...

— Өтирик емес, — деп шуў ете қалды усы ўақытта отырғанлар министрдиң гәпин бөлип.

— Неге өтирик емес, көриў қәбилети пәсейип кетти деген директорыңыз мине, алдыңызда отыр ғой, көзлери жайнап.

— Жайнаса жайнай берсин, көрмейди.

— Қалай көрмейди, көрип тур ғой.

— Яқ, көрмейди.

— Ҳаў қарап тур ғой.

— Көрмейди, жолдас министр!

— Түсинбедим. Тағы, бул арзаңыз азлық еткендей еки айдан кейин және «қапталынан өткен адамды да көрмейди» деп жазыпсыз.

— Дурыс-дурыс. Дым көрмейди.

— Мурнының астындағыны да көрмей ме?

— Көретуғын болғанда айтамыз ба?

— Пүткиллей сыйпалап қалды, қол менен услағанын да көрмейди деп жаздыңыз ғой.

— Көрмейтуғын болған соң жазбай не қыламыз.

— Яғэй! Буныңыз уят жолдаслар! Басшының үстинен бүйтип күле бериўге болмайды.

— Биз күлип атырғанымыз жоқ. Директорымыз ырасында да көрмейтуғын болып қалды.

Министр ҳайран болып турды. Усы ўақытлары ортадан жасы үлкенлеў биреў тикейди.

— Министр иним, — деди ол асықпай гэп баслап. — Енди бир-биреўге жумбақ айтқанды қояйық. Алпыс адам қол қойып жазған арзаға басшылық еткен мен едим. Ырасында да директордың соңғы ўақытта көриўи пэсейип кетти. Анаў-анажақтан тартып атыр, мынаў мына-жақтан тартып атыр, бул сирэ көрмейди. Бир күни Айтөреев деген мынаў отырған склад баслығы, үлкен бир жарма қапыны директордың капталынан алып өтип-ақ өзиниң машинасына салды. Турдыев соны көрген жоқ. «Қапталынан өткен адамды көрмейди» дегенимиз сол еди. «Мурнының астындағыны көрмейди» дегенимиздиң де мэниси бар. Мынаў отырған кабинетимизди караң, буннан бес-алты ай бурын усы жерге иран гилеми әкелип төселинип еди, бир ҳэптеден кейин жоқ. Директорымыз буны да көрмеди. Мэкемеде күнде усындай. Өзине айтсақ «ҳэссений мениң көрмегеним, көзим менен көрсем оны көрер едим» дейди. Ырасында да көрмесе көрмей жүрген шығар деп, шоферин урлық етип атырған жеринен услап алдына апардық. Турдыев бизлерди мысқыллап күледи: өйтип жала жаппаң, шоферымның урлық етип атырғанын мен өз көзим менен көргеним жоқпан деп қарап тур...

Адамлар жэн-жақтан ғаўырласып кетти.

— Әнекей жолдас министр! Сондай ғой.

— Бул сирә көрмейди.

— Қапталындағыны да, мурнының астындағыны да көрмейди.

— Басқа, көзин ашыңқырап жүретуғын директор керек.

— Турдыевты алып кетиң.

Министр столды тықылдатып зорға иркип алды. Соң Турдыевтың өзине сөз берди.

— Адамлар дурыс айтып отыр, — деди ол. — Мен өз көзим менен көрмей жүрмен. Халықта гәп бар, «усланбаған уры емес» деген. Егер өзим усыннан көреғойсам «тышқан тесигин мың теңге» етер едим. Мәмлекет мүлкин талан-тараж ететуғын адамларға бийпарўа қарай алмайман, жолдас министр!

Узақ даўам еткен мәжилис тарқады. Адамларға хошамет берилди. Директор ескертиў алды. Жыйналыстан соң ескертиў алған директор министрдиң машинасының алдынғы орынлығына отырып, мийманды үйине шайға алып кетти.

Министр шайдан күн қызарып батайын деп турғанда қайтты. Директор оның менен сүйисип хошласып машинасына отырғызды. Усы ўақытлары машинаның артқы багажы ашылып, төрт аяғы байланған ақ қошқар багажға дүрс ете қалды. Машын қайқаң етип барып қайтарып орнына келди. Лекин, алдына қарап маңқыйып отырған министр оны көрген жоқ. Көргенде оған жол коймайтуғын еди.

## Мен министр болмайман

Қалада туратуғын Қалжанбай деген жасы үлкенимиздиң жети қыздан кейин көрген ул баласы бар. Аты Азамат. Әўлийеге ат айтып, Хорасанға қой айтып, кеттим бардым да көрген жалғыз ул перзенти болған соң, ҳәмме ағайин-туўған есигин ашыўдан сол баланы еркелетемиз.

— Қәне, Азамат, айтып жибер, үлкейген соң ким боласаң?

Азамат тегинликте үндейғоймайды. Кейин биримлеп сораймыз.

— Муғаллим боласаң ба?

— Яқ, — дейди ол бултыйып.

— Инженер боласаң ба?

— Яқ.

— Врач па?

— Яқ.

— Айтпақшы, поезд айдайтуғын шығарсаң?

— Айдамайман.

— Самолет па?

Буған да Азамат «яқ» деп жуўап береди. Ақыры, баласының кеўлиндегини таба алмай атырғанға Қалжанбай аға шыдамайды.

— Мениң балам министр болады, — дейди ийнинен қағып.

— Солай ма?

— Аўа.

— Министрдиң үлкен жумыс екенин қайдан биледи бул? — деймиз ҳайран болып.

— Билмей не қылады? Жан қоңсымыз министр. Бул сыртта ойнап жүрип бәрин көреди. Қоңсымыз жалтылдаған ақ «Волга» да келип түседи. Өзи де келисигин келистирип жүретуғын жигит. Саратанның ыссысында да ийнинен костюм, жағасынан галстук айрылмайды. Шоферы барып есигин ашпағанша ҳәргиз өзи қыймылдамас. Үйинде күнде қонақ. Сыйыры туўса да артынып-тартынып қутлы болсынға киятырғанлар. Айнасының бир көзи сынса үш-төрт адам жабылып келип оңлайды. Ийти құрттай қаңсыласа ветеринарлық «тез жәрдем» тайын. Балаларының аўзы басы батпақ жаққандай, шоколадқа былғанып жүреди. Соннан кейин бизиң

бала министр боламан демей не дейди.

Қалжанбай ағаның бул әнгимесин талай мәрте еситкенбиз. Лекин, жасы үлкен шад болсын деп ҳәр қыдырып барғанда баяғы сораўды тәкирарлаймыз.

— Азамат, үлкейген соң ким боласаң?

— Министр боламан!

Кейинги ўақытлары жумыс аралап бир жылға дейин қол тиймей, жақында бардым. Азамат тәўир-ақ есейейин депти. Келип сәлемлесип атыр, бурын билмейтуғын еди.

— Қәне, Азаматчик, — дедим оны еркелетип, — үлкейсең ким боласаң? Министр боласаң ба?

— Яқ, — деди ол шарта.

— Ҳаў, неге? Түсинбей қалдын ба? Министр боласаң ба, деп атырман.

— Болмайман.

Мен аң-таң болып үйдегилерге қарадым. Олар «сорай бер» дегендей мыйықтан күлисти.

— Онда инженер боласаң ба?

— Яқ.

— Врач па?

— Яқ.

— Поезд айдайсаң ба?

— Айдамайман.

— Самолет па?

— Яқ,

— Ҳаў, енди не?

Қалжанбай аға әдеттегидей, баласы ушын өзи жуўап берди.

— Мениң балам институтқа муғаллим болады.

— Солай ма? — дедим мен Азаматқа қарап. Ол мақуллап басын ийзеди.

— Есейип, ақылына енейин депти ғо. Министрде муғаллимниң тәрбиясынан шығады ақыры.

— Ояғын ойлап атырған Азамат жоқ, — деди жасы үлкен күлип, — Оның бир лийкини бар. Отыра бер, кейин айтып беремен.

Шай ҳалқас үстинде баяғы мәселеге қайта оралдық.

— Азаматтың муғаллим боламан деп атырғанының лийкини былай. Хабарың бар, быйыл Гүлнараны оқыўға киргиздим ғо. Баслап оқыўға үш күн қатнап еди, пахтаға алды да кетти. Бурыннан соңғы үйден шығып көрмеген қыз, көнликсе болар еди, деп анасы екеўимиз уўайымлап отырмыз. Айтқанындай арадан бес күн өтпей, қызымыз кеште қоңыраў етип тур.

— Мени неге пахтадан алып қалмадыңыз? — дейди өкпелеп.

— Ҳаў, не деп алып қаламыз?

— Аўырыў деп.

— Қудай сақласын! Бес-алты күнлик пахта өтип кетер, қаяқтағы аўырыўды шақырып...

— Онда басымызда болып атырған муғаллимнин үйине бир қой апарып таслаң.

— Неге?

— Сонда меннен норма сорамайды.

— Апарайық қарағым, әйтеўир сениң кеўлиң жай болса болар.

Қызымыздың оқыўға киргенине қоңсы-қобаға шашыў берейин деп байлап қойған бир қойымыз бар еди, ертеңине машынға салып, Гүлнараның берген адреси бойынша муғаллимниң қорасына апарып байладық.

— Муғаллим рахмет айтып атыр, — деди тағы бес күннен кейин қызымыз қоңыраў етип.

— Апарып бергенимизди еситип пе?

— Күнде телефоннан сөйлесип тур ғо! Соннан бери норма сорағанды қойды. Басқаларды трактордың свети менен тергизип атыр. Енди изимнен қашан келесиз?

— Ендиги хәпте барсақ болама?

— Болады.

— Қандай аўқат апарайық?

— Маған қандай аўқат болса да бола береди. Бирақ, муғаллимге бир түйетаўықты пүтини менен писирип, қасына еки шийше «Наполеон» қосып алып келиң.

— Ҳаў, кеше қой бердик ғо.

— Ол-үйине, бул-пахтаға?

— Алла бәрекелла! Ушыраған екенбиз. Усыннан бармасақ қызымыз қапа болады. Барайын десек келте жип гүрмеўге келмейди. Илаж жоқ. Азаматтың напақасып өзине үш дөңгелек велосипед әперейин деп түйип қойған едик, табылмағаны қайым болған екен, күнимизге жарады, бир түйе таўық болды. Жетпеген жағына кеңседен қарыз алып, Гүлнараның изинен барып қайттық.

Басыңды аўыртып не қылайын, пахта тамам боламан дегенше ийттен бир сүйек қарызлы болдық.

Оқыў басланды. Арадан он күн өтип еди, қызымыз тағы пул сорады. Жүз сом керек екен.

— География муғаллимимиз китап шығарыпты. Соны сатып алыўымыз керек.

— Сабақлық па?

— Яқ.

— Онда не кереги бар?

— Керек болмаса да аламыз. Жақында зачет болады. «Қолыңызда бир-бирден китап болмаса, аудиторияға кирмейсиз» — деди.

Илаж қанша? Жүз сом менен жарлы түсип қалмаспыз. Қызымыз қыйналмаса болар. Арадан тағы бир ай өтти. Гүлнара бир күни кеште мирәтнама әкелип тур.

«Қымбатлы Қалжанбай ҳәм Зухра!

Сизди елиў жасқа толған торқалы тойыма мирәт етемен. Ҳүрмет пенен Қарлыбай». Төменинде тойдың басланатуғын ўақты, мәкан жайы.

— Анасы, сен таныйсаң ба, Қарлыбай дегенди?

— Яқ.

— Мен де танымайман. Алжас болған шығар. Гүлнара, мына адамды биз танымадық ғой?

— Бизиң әдебият муғаллим ғой.

— Ол бизлерди қаяқтан таныйды.

— Танымайды.

— Танымаса да тойға шақырған ба?

— Студентлердиң ҳәммесиниң ата-анасына жазып берди.

— Әне қалас! Атын таўып алыўға қараған екен дә? Кемпир, жүз сомынды таярлап қоя бер!

— Аўа, жүдә сөйтип мени масқара қылажақсыз ба? — деди Гүлнара бултыйып.

— Неге масқара боласаң? Танымайтуғын адамға жүз сом пул апарсақ, жаманлығы аўқатын жемей, нан аўыз тийип-ақ кетермиз-дә!

— Яғаў, муғаллимниң тәмеси үлкен «Елиўге күнде шыға беремиз бе, себеп пенен миллий шапанлы болып қалайық, болмаса папақ я костюм-шалбар болса да бола береди» — деп һәммеге айтып жиберди.

Енди буған не дерсең «Ҳәр кимниң минген таўы бийик болсын» — деп, түсимде көрмеген Қарлыбайға миллий шапан тиктирип, той күни ийнине жаптым. Сирә «сен кимсең?» деп атырған бир адам болсеш, нан аўыз тийдик те қайттық.

Күйгениңнен айтасаң-аў, баяғылары студент дегенниң степендиясы өзине жетип шамаласар еди, быйылларғысы сирә мурт май болмайды екен. Айтыўға аты кенепаттай пул, лекин, алмай атырып келте салығы таяр турады: имтихан пәлен сом, зачет төлен сом, кураторға байрамда көйлек, ана муғаллимниң туўылған күни, мына муғаллимниң әкесиниң өлген күни, мынағурлы сом китапқа, анағурлы сом бармаған театрдың билетине, басыңды аўыртып не қылайын, биротала жамап кийип, жарма ишиўге қарадық. "Илгерилери дым таппадық дегенде азанда сары май, Азаматқа күнде бир шоколад пенен бир саққыз алып беретуғын едик. Олардың ҳәммеси қалды. Оған бул ыңғырыўлайды.

— Пул жоқ, — деймиз ҳәммемиз.

— Неге жоқ?! — деп тепсинеди ол.

— Көрмей атырсаң ба, Гүлнараның муғаллимине берип атырмыз... Әне, Азаматтың министр болмайман, муғаллим боламан деўиниң мәниси сонда...

Жақында мен Қалжанбай ағаның министр қонсысын институттың алдында ушыратып қалдым. Бир досты менен сөйлесип тур екен.

— Әй, ҳәзир министрликте баяғыдай маза жоқ, — деп атыр қасындағыға. — Тапқаның қонақ-қопсыдан аўыспайды. Жақында усы институттың тарийх муғаллими инсулт болыпты дейди. Соның орнына өтип алсам ба деп келип турман. Қәйдем ала ма, алмай ма, қардар көп деп еситип атырман...

«Ақыл жастан шығады» — деген усы, Қалжанбай ағаның құрттай баласы нениң неден абзал екенин қашшан абайлаған екен.

*4. 02. 1996-жыл*